

Plan Distri a Pou Elèv k ap Aprann Anglè (ELL)

Moun pou Kontakte: Dr. Patricia Ordóñez Feliciano
LEA: Distri Lekòl Rejyon Palm Beach
Imèl: patricia.ordonez-feliciano@palmbeachschools.org
Telefòn: (561) 434-8010

Règleman 6A-6.0905
Fòm ESOL 100

Yo dwe soumèt Siyati Orijinal nan Paj Siyati yo bay:

Bureau of Student Achievement through Language Acquisition
Florida Department of Education
325 West Gaines Street
444 Turlington Building
Tallahassee, Florida 32399-0400

Dat FDOE te resevwa l

FDOE INTERNAL USE ONLY

(1) NON DISTRI A:	(2) NON KONTAKT/TIT:	(3) # TELEFÒN KONTAK (EKSTANSYON.): ADRÈS IMÈL:
Distri Lekòl Rejyon Palm Beach	Dr. Patricia Ordóñez Feliciano Direktris Egzekitif	(561) 4348010 patricia.ordonez-feliciano@palmbeachschools.org
(4) ADRÈS POSTAL: 3300 Forest Hill Blvd. West Palm Beach, FL 33406	(5) MOUN KI PREPARE L: (Si se pa moun pou kontakte a) Prenon: Siyati: Adrès Postal: Nimewo Telefòn:	

(6) SÈTIFIKASYON DISTRI LEKÒL LA

Komite Dirijan Distri Lekòl yo te otorize dosye aplikasyon sa a epi reprezantan ki siyen anba a te genyen otorizasyon pou li soumèt plan sa a epi l ap aji kòm reprezantan otorize distri a, konsènan plan sa a.

Mwen, Michael J. Burke, sètifye la a, tout fè, chema, ak reprezantasyon ki nan plan sa a vrè epi kòrèk. Anplis, tout atik lwa, règleman, regilasyon, ak pwosedi pou pwogram nan, kontwòl fiskal, ak jesyon dosye ap aplike pou garanti ranman kont ki kòrèk.

Siyati Sipèentandan oswa Chèf Ajans ki Otorize

Dat yo Siyen

Dat Apwobasyon Komite Dirijan

(7) Dwayen ki reprezante Konsèy Lidèchip Paran ELL yo nan Distri a (District ELL Parent Leadership Council (PLC))

Non Dwayen ki reprezante ELL PLC Distri a: Marie Bohomme

Enfòmasyon pou kontakte Dwayen PLC Distri a:

Adrès Postal : 22705 SW 65th Terrace, Boca Raton, FL 33428

Adrès Imèl: nadergebonhomme2@gmail.com Nimewo Telefòn:5618842796

Dat final yo te diskite sou plan an avèk PLC: 21 mas 2025

Siyati Dwayen PLC Distri a

Dat Dwayen PLC Distri a te Siyen

PLAN DISTRI A POU ELÈV K AP APRANN ANGLÈ ASIRANS AK SÈTIFIKASYON

Distri lekòl yo genyen obligasyon pou respekte yon seri garanti lè y ap devlope epi aplike pwogram ak sèvis pou Elèv k ap Aprann Anglè yo (ELLs), epi yo oblije fè sèten pèsonèl lekòl la ak nan nivo distri a respekte tout kondisyon ak pwovizyon ki nan lwa yo, prensip, règleman, ak desizyon tribinal ki nan lis anba la a:

- Kondisyon ki prevwa nan Seksyon 1003.56, Lwa Florid;
- Kondisyon ki prevwa nan Règleman 6A-6.0902;6A-6.09022; 6A-6.09091; 6A-6.0903; 6A-6.0907; 6A-1.0503, Kòd Administratif *Florid* (F.A.C.), ak lòt Règleman Komite Dirijan Edikasyon Eta a;
- Kondisyon ki prevwa nan *Elementary and Secondary Education Act of 1965*, jan li amande nan *Every Student Succeeds Act of 2015*;
- Kondisyon ki prevwa nan *Consent Decree in the League of United Latin American Citizens et al. v. the State Board of Education, 1990*;
- Kondisyon Dekrè Lwa Florid *Educational Equity Act, 1984*;
- Kondisyon ki baze sou *Fifth Circuit Court decision in Castañeda v. Pickard, 1981*;
- Kondisyon ki baze sou *Supreme Court decision in Plyler v. DOE, 1982*;
- Kondisyon ki baze sou *Supreme Court decision in Lau v. Nichols, 1974*;
- Kondisyon Dekrè Lwa *Equal Educational Opportunities Act of 1974*;
- Kondisyon Dekrè Lwa *Section 504 Rehabilitation Act of 1973*;
- Kondisyon *Office for Civil Rights Memorandum of May 25, 1970*;
- Kondisyon Dekrè Lwa *Title VI and VII Civil Rights Act of 1964*; ak
- Kondisyon Nòm sou *Office for Civil Rights Standards for the Title VI Compliance*.

Lè mwen siyen anba la a, Mwen, **Michael J. Burke**, sètifye yo dwe aplike pwosedi, tretman ak sèvis yo dekri la a nan yon fason ki konsistan avèk kondisyon ak pwovizyon ki nan kondisyon nou dekri pi wo a.

Siyati Sipèntandan an

Dat li te siyen

Seksyon 1: Idantifikasyon (Règleman 6A-6.0902, F.A.C.)

Pwosedi Anwòlman ak Administrasyon Sondaj sou Lang yo Pale Lakay (HLS).

Dekri pwosedi enskripsyon Ajans Edikasyon Lokal la (Local Education Agency (LEA)) pou enskri Elèv k ap Aprann Anglè (ELLs). Repons yo ta dwe genyen eleman sa yo:

Kijan pwosedi LEA yo konpare ak sa elèv ki pa ELL yo swiv?

Nan moman enskripsyon an, tout paran/responsab ap ranpli yon fòmilè Anwòlman/Enskripsyon pou Elèv nan lekòl pitit yo ki genyen yon sondaj *Home Language Survey*:

1. Èske yo itilize yon lòt lang ki pa Anglè lakay la? Wi Non
2. Èske elèv la te genyen yon premye lang ki pa Anglè? Wi Non
3. Èske elèv la plis pale yon lang ki pa Anglè? Wi Non

Si youn nan repons kesyon sa yo se “wi”, moun k ap fè enskripsyon an ap enfòmè reprezantan *ESOL* nan lekòl la pou fè yon evalyasyon langaj *.

Pwosedi enskripsyon se menm pou tout elèv. Tout paran yo dwe ranpli fòm Anwòlman/Enskripsyon an ak Sondaj sou Lang ki Pale nan Kay la, menmjan avèk lòt done ak enfòmasyon sou elèv la ki enpòtan.

Lè sa posib, paran yo resevwa èd nan lang natif natal yo nan men yon Fasilitatè Kominotè pou Lang ki kalifye oswa yon estaf ki bileng. Anplis, Distri Lekòl Rejyon Palm Beach genyen yon Sant Dakèy “Welcome Center” (ki la pou elimine obstak nan anwòlman) pou ede fanmi nan pwosesis enskripsyon an. Estaf bileng yo ansanm avèk konseye akademik lekòl yo disponib sou plas pou bay fanmi sipò nan yon varyete bezwen ki enkli, san yo pa limite ak, enskripsyon, sèvis sante ak sosyal, revizyon relvednòt ak rekòmmandasyon pou plasman.

Nan ki lang yo tradui sondaj HLS la?

Yo tradui Sondaj sou Lang ki Pale nan Kay (Home Language Survey) la an Panyòl, Kreyòl Ayisyen, Pòtigè, Fransè, Arab, Chinwa (Mandarin), Ris, ak Vyetnamyen. Genyen sèvis entèpretasyon deyò ki disponib pou lòt lang selon bezwen.

Kijan LEA ede paran ak elèv ki pa pale Anglè nan pwosesis enskripsyon an?

Paran/responsab yo kapab anrejistre sou entènèt oswa y ap ba yo yon pake enskripsyon. Vèsyon fòm enskripsyon ki tradui ak enfòmasyon general sou lekòl la disponib omwen nan lang Panyòl, Kreyòl Ayisyen ak Potigè ki reprezante lang yo pale plis nan Rejyon Palm Beach la. Fòmilè enskripsyon disponib tou nan lanj Chinwa, Vyetnamyen, Arab, Fransè ak Ris. Yon Fasilitatè Kominotè pou Lang (CLF an Anglè) oswa yon estaf bileng ede nan tradui ak entèprete dokiman ki gen rapò ak enskripsyon,

transpò, pwosesis pwogram aplikasyon manje gratis ak redwi ak lòt enfòmasyon sou zafè lekòl ki konsènen pwosedi anwòlman. Pou lang yo pale mwens yo nan distri nou an, nou gen kontra ak yon sèvis entèpretasyon an deyò distri a pou ede. Sant Dakèy Distri a disponib pou paran/responsab, pou ede fanmi yo avèk pwosesis enskripsyon an.

Kijan w idantifye elèv imigran yo?

Enfòmasyon sou elèv imigran, ansanm avèk DEUSS antre nan fòm Enskripsyon Elèv la. Tèm timoun imigran ak jenn moun vle di endividi ki: genyen 3 an rive 21 an; epi ki pa t fèt nan okenn Eta, Distri Columbia oswa Porto Rico; epi ki pa t janm ale nan youn oswa plis lekòl nan youn oswa plis eta pandan plis pase 3 ane lekòl konplè. Baze sou definisyon sa a, elèv la resevwa yon kòd imigran “Y” nan sistèm enfòmasyon sou elèv la.

Kijan yo jwenn Dat Antre nan Lekòl Etazini a (DEUSS ann Anglè) nan pwosesis enskripsyon an?

Nan moman enskripsyon an paran yo ranpli Sondaj sou Lang ki Pale nan Kay la, ansanm avèk kesyon ki konsène dat nesans, peyi kote timoun nan fèt, ak dat DEUSS la---mwa, jou ak ane li antre nan lekòl Etazini (nenpòt nan 50 eta yo ak Distri Columbia, eksepte teritwa ak posesyon Etazini). Si yon elèv soti nan youn lòt distri nan Florid la oswa youn lòt eta nan Etazini, pou l antre nan lekòl nou yo, nou mande ansyen lekòl la dosye li, epi nou antre dat orijinal DEUSS la nan sistèm enfòmasyon sou elèv nou an. Fòm Enskripsyon Elèv yo disponib: nan <https://www.palmbeachschools.org/studentsparents/student-registration>

Tanpri mete yon lyen nan HLS ou a.

[Student Registration \(PBSD Form 2688\)](#)

Seksyon 2: Evalyasyon Konpetans nan Anglè (Règleman 6A-6.0902, F.A.C.)

1. Evalyasyon Konpetans nan Lang Anglè (ELP)

Ki tit moun ki responsab pou administre evalyasyon ELP elèv ki ta kapab ELL nan LEA? (Tcheke tout sa ki aplikab.)

- Biwo Enskripsyon
- Kowòdinatè/Administratè *ESOL*
- Lòt moun (Presize) – Repezantan *ESOL*, Pwofesè, Espesyalis Pedagojik *ESOL*, Moun ki Prepare pou bay Tès

2. Evalyasyon Nivo Konpetans nan Langaj ak Konpreyansyon

Bay lis evalyasyon konpetans nan Langaj ak Konpreyansyon (Aural/Oral) yo itilize nan LEA ak pwosedi yo pou detèmine si yon elèv K-12 se yon ELL.

WIDA Kindergarten Screener, WIDA Screener, oswa nenpòt lòt evalyasyon ELP Eta a apwouve.

Dekri pwosedi pou garanti evalyasyon Langaj ak Konpreyansyon Oral yo fè nan 20 jou lekòl apati lè elèv la te enskri.

Estaf k ap fè enskripsyon an refere elèv ki gen nenpòt repons "WI" bay administratè egzamen ESOL la pou yon evalyasyon konpetans nan lang Anglè.

Yo kapab mete tanporèman elèv ki gen youn oswa plizyè repons "WI" pou kesyon 1-3 nan klas ESOL jiskaske yo bay yon evalyasyon konpetans nan lang Anglè. Yo itilize egzamen eta a apwouve pou laj ak/oswa nivo klas yo pou evalye kapasite elèv yo nan aural/oral. Yo bay elèv K-12 yo Evalyasyon lang nan ven jou lekòl apre yo antre.

Si yon fòm enskripsyon ki genyen yon repons afimatif endike yon elèv soti nan yon lòt rejyon Florid, yo pa bezwen reevalye elèv la pou l antre nan pwogram ESOL la. Y ap fè tout tantativ pou jwenn enfòmasyon ki soti nan rejyon kote elèv la soti a. Si yo pa resevwa enfòmasyon an nan limit 20 jou a, yo pral teste elèv la kòm yon nouvo elèv lè l sèvi avèk enfòmasyon Sondaj pou Lang lakay Rejyon Palm Beach la. Si elèv la pa te evalye nan 20 jou lekòl apre enskripsyon an, rezon pou reta a dwe dokimante, lè l sèvi avèk Reta nan tès pou ESOL Eljibilite Avi Paran/Responsab (PBSD 2640). Lekòl yo dwe bay paran/responsab avi sa a, ki gen ladan yon plan pou konplete evalyasyon ELP a, nan lang ekri pi pito a, lè sa posib. Y ap telechaje PBSD 2640 la nan tab dokiman Pwofil Elèv la nan *Ellevation*, epi y ap depoze yon kopi nan katab ELL elèv la.

Elèv ki nan klas K-2 ki fè nòt ki montre yo pale anglè kouraman nan evalyasyon Langaj ak Konpreyansyon oral la, y ap konsidere yo kòm moun ki pale anglè nòmalman (non-ELL: ZZ) epi yo p ap plase nan pwogram ESOL la, amwenske komite ELL la ta fè yon lòt rekòmandasyon. (6A-6.0902)

Elèv ki nan klas 3-12 ki fè nòt ki montre yo pale anglè kouraman nan evalyasyon Langaj ak Konpreyansyon oral la, ak nan evalyasyon Lekti ak/oswa Redaksyon, y ap konsidere yo kòm moun ki pale anglè nòmalman (non-ELL: ZZ) epi yo p ap plase yo nan pwogram ESOL la amwenske komite ELL la ta fè yon lòt rekòmandasyon. (6A-6.0902)

Tout elèv ki pa konpetan nan evalyasyon Langaj ak Konpreyansyon (klas K-2) oswa Lekti ak evalyasyon Jeneral (klas 3-12) kalifye pou sèvis ESOL epi yo reprezante kòm LY.

Evalyasyon Konpetans nan Lektik ak Redaksyon

Fè lis evalyasyon Lektik ak Redaksyon yo itilize nan LEA ak pwosedi yo pou detèmine si yon elèv se yon ELL nan klas 3-12.

WIDA Screener oswa nenpòt lòt evalyasyon ELP Eta a apwouve

3. Komite ELL

Dekri pwosedi yo itilize lè komite ELL la pran yon desizyon (plasman) pou konsidere yon elèv kòm debitan. Ki kalite dokiman yo itilize pou sipòte desizyon sa yo?

Sou demand yon paran oswa yon pwofesè, yo kapab rekòmande yon elèv yo detèmine ki pa yon ELL oswa nenpòt elèv yo detèmine ki se yon ELL baze sèlman sou yon evalyasyon lekti oswa redaksyon, bay komite ELL la. Yo voye yon lèt bay paran an pou envite l nan reyinyon an oswa yo rele l nan telefòn oswa atravè kominikasyon dirèk anpèsòn. Yo ta dwe konsidere preferans paran pou l chwazi si wi ou non yo detèmine yon elèv se yon ELL oswa li pa yon ELL, nan desizyon final la, epi dokimante sa nan yon fòm Komite ELL. Komite ELL la kapab detèmine yon elèv se yon ELL oswa li pa yon ELL suivan konsiderasyon omwen de (2) nan kritè sa yo anplis rezilta evalyasyon lè li te antre a:

- Limit ak nati edikasyon li te resevwa deja oswa eksperyans akademik, sosyal, epi yon entèvyou avèk elèv la
- Rekòmandasyon alekri ak obsèvasyon estaf anseyan an ak sèvis sipò resan ak ansyen yo,
- Nivo metriz konpetans debaz oswa abilite nan anglè ak lang natif natal li selon
- nòm referans lokal, eta oswa nasyonal yo,
- Klas li te ye nan ane a oswa ane pase yo, oswa
- Lòt rezilta ki pa evalyasyon lè li te antre a

Seksyon 3: Evalyasyon Pwogramatik (Règleman 6A-6.0902, F.A.C.)

Evalyasyon Akademik/Pwogramatik

Dekri pwosedi yo te aplike pou detèmine eksperyans pase ELL yo. Epiou, jere plasman ELL ki genyen eksperyans akademik limite oswa san okenn eksperyans akademik, oswa dosye lekòl yo pa konplè, oswa yo pa kapab jwenn yo. Presize aksyon yo fè pou jwenn ansyen dosye lekòl. Enkli pwosedi pou detèmine plasman apwopriye ELL yo nan klas.

Lekòl yo fè tout efò posib pou jwenn dosye elèv k ap transfere soti nan lòt zòn nan Rejyon Palm Beach. Yo mande lekòl la pou voye dosye yo atravè apèl telefonik, faks, imèl, ak/oswa sèvis postal Etazini. Nan sèten ka, yo kapab dosye entwouvab oswa elèv la p at fè anpil klas oswa li p at ale lekòl ditou avan. Si dosye yo entwouvab, yo detèmine pase akademik elèv atravè yon entèvyou avèk yon paran/elèv, yon

Evalyasyon Pwogramatik ELL ak fòm Revizyon Plasman Akademik. Ansuit, yo plase elèv yo sou baz enfòmasyon ki disponib yo ak dapre laj/klas ki apwopriye. Pèsonèl lekòl ak/oswa distri a revize pase akademik elèv la pou detèmine klas, sijè, ak plasman nan pwogram ESOL ki apwopriye. Yo konsidere opinyon paran konsènan pase akademik timoun nan espesyalman lè relvednòt, dosye, oswa kanè pa disponib tousuit. Yo dokimante enfòmasyon sa a nan Fòm Evalyasyon Pwogramatik elèv ELL ak Revizyon Plasman Akademik li epi yo antre l nan katab ELL la.

Pwosedè pou Plasman nan Klas ak Kou – Klas 9-12

Dekri pwosedè yo te aplike pou detèmine plasman nan klas ak kou ki apwopriye. Deskripsyon yo dwe enkli pwosesis yo itilize pou bay ELL yo kredi lè y ap antre nan lekòl segondè nan 9^{yèm}-12^{yèm} ane e ki te konplete kredi nan peyi andeyò Etazini, an patikilye jere ka elèv ki pa genyen dokiman.

Selon 6A.6.0902 seksyon 3-pati b, "Distri lekòl la dwe bay menm kantite kredi pou kou yo te pran nan yon lòt peyi oswa yon lang ki pa Anglè menmjan pou kou yo pran nan Etazini oswa ann anglè. Pou elèv ki fèt aletranje, yo dwe suiv menm règleman distri a apwouve konsènan plasman apwopriye selon laj menmjan yo fè sa pou elèv ki fèt Etazini."

Lekòl yo fè tout efò posib pou jwenn dosye elèv k ap transfere soti nan lòt zòn nan Rejyon Palm Beach. Nan sèten ka, yo gen dwa pa kapab jwenn dosye yo oswa elèv la p at fè anpil klas oswa li pa t ale lekòl ditou avan. Pou yo kapab plase ELL yo efektivman, yo dwe detèmine abilitè akademik yo san konsidere konpetans yo nan lang anglè oswa lakin yo. Pèsonèl lekòl ak/oswa distri a revize pase akademik elèv la pou detèmine klas, matyè, ak plasman nan pwogram ESOL ki apwopriye. Yo konsidere opinyon paran konsènan pase akademik timoun nan espesyalman lè relvednòt, dosye, oswa kanè pa disponib tousuit. Yo dokimante enfòmasyon sa a nan Fòm Evalyasyon Pwogramatik elèv ELL la ak Revizyon Plasman Akademik li, epi yo antre l nan katab ELL la. Fasilitatè Kominotè pou Lang yo ede elèv ak fanmi yo lè sa nesesè pou garanti plasman nan pwogram/kou ki apwopriye. Règleman Komite Dirijan Lekòl yo ak direktiv administratif yo bay estaf lekòl fleksibilite nan pran desizyon sou plasman akademik nan non elèv ak paran yo. Paran/responsab gen dwa fè apèl sou desizyon plasman akademik direktè/tris la pran. Pou elèv k ap antre nan yon lekòl nan Rejyon Palm Beach avèk yon ansyen relvednòt, yo dwe analize ak anpil atansyon nivo ak kalite kou elèv la te konplete nan peyi dorijin li.

Yo dwe bay sa yon atansyon espesyal pou garanti ELL genyen yon aksè total ak egal nan tout varyete kou yo ofri nan lekòl segondè epi plasman ELL nan kou yo pa baze sou konpetans yo nan lang anglè. Si elèv la pa prezante yon relvednòt ofisyèl, pèsonèl lekòl la dwe valide kredi k ap transfere yo oswa nòt ki ta dwe baze sou rannman pandan premye trimès elèv la anwole a. Validasyon kredi dwe baze sou rannman nan kou nan lekòl ki resevwa li a. Yo dwe plase yon elèv k ap transfere nan yon lekòl nan pwochen kou apwopriye a (yo) epi li dwe genyen yon mwayèn jeneral minimòm 2.0 pou chak kou nan fen premye trimès li te enskri ladan an. Elèv ki pa satisfè kondisyon sa a ta dwe

genyen kredi I valide selon Pwosedri Validasyon Altènatif la (Alternative Validation Procedure ann anglè). Yo itilize nòt P (Pase) lè y ap valide/transfere kredi pou travay akademik, lè yo pa kapab jwenn yon relvednòt ofisyèl oswa nòt ki egal avèk nòt yo itilize nan Rejyon Palm Beach. Yo itilize I tou lè yo presize P nan yon relvednòt ofisyèl. Yon nòt P se sèlman yon nòt nan yon relvednòt, se pa yon nòt kanè. Li bay kredi pou ansanm travay akademik, men li pa afekte mwayèn jeneral la (GPA). Paran/responsab elèv la gendwa fè apèl ak desizyon sou plasman an devan Sipèentandan oswa moun ki deziye a nan 14 jou nan kalandriye a apati desizyon direktè/tris la.

Explike pwosesis pou akòde kredi bay elèv k ap transfere soti nan lòt peyi pou kou komunikasyon oral/ekri yo te pran nan lang natif natal yo ak kou lang etranjè yo te pran (sa kapab enkli Anglè).

Pou elèv k ap antre nan lekòl Florid avèk yon ansyen relvednòt, yo dwe fè yon analiz apwofondi sou nivo ak tip kou elèv la te fini nan peyi dorijin li, konsideran echèl nòt ak nivo klas kapab pa menm avèk sistèm tradisyonèl Etazini moun abitye avèk li. Metodoloji ak/oswa pedagoji yo itilize nan ansèyman kèk kou aletranje kapab genyen enpak tou sou transfè kòrèk kredi a. Yon egzanp se kredi yon elèv pran nan anglè ak lang natif natal li. Lè y ap akòde kredi pou komunikasyon oral/ekri, konsidere kou nan lang natif natal yo, tankou Panyòl, Fransè, oswa Japonè ta kapab enkòpore literati, lekti, ak redaksyon, tankou komunikasyon oral/ekri nan yon lekòl nan Florid. Konsa tou, kou anglè yon elèv kapab te pran andeyò Etazini nan anpil ka, yo anseye li tankou yon lang etranjè. Sa vle di desène kredi nan yon lekòl Florid kapab ranvèse tèt li epi yo ta bay kredi nan anglè kòm lang etranjè elèv la epi kou nan lang natif natal elèv anrejistre kòm kredi pou anglè. Lyen sa a ap ede nan plasman:

[Placement and Evaluation of Foreign-Born Students](#)

Ki tit moun ki responsab pou evalye relvednòt ki soti aletranje yo? Ki antrènman li (yo) resevwa? Kijan yo konsève done yo?

Se, Konseye akademik ki sètifye ki evalye relvednòt yo nan chak lekòl. Konseye akademik ki sètifye resevwa fòmasyon atravè Depatman Edikasyon Miltikiltirèl an kolaborasyon avèk Divizyon Ansèyman ak Aprantisaj (Teaching and Learning). Yo envite konseye akademik yo nan seyans fòmasyon Depatman Edikasyon Miltikiltirèl ofri epi yon Konseye akademik ESOL Distri a dirije. Yo dokimante fòmasyon yo atravè fèy prezans konseye yo siyen. Konseye akademik yo resevwa tou sipò nanmen dwayen konseye akademik ki baze nan lekòl yo anmenmtan avèk Planifikatè Pwogram Konseye a. Lè estaf lekòl la genyen kesyon oswa yo bezwen klarifikasyon, yo kapab kontakte Depatman Edikasyon Miltikiltirèl ak/oswa sèvis espesyalis nan konsèy ki baze nan distri a pou jwenn èd. Yo konsève relvednòt ak fòm Evalyasyon Pase Akademik elèv nan yon katab kimilatif apre achivis la fin antre yo nan sistèm nan.

Re-evalyasyon ELL ki te Soti nan LEA.

Dekri pwosedi yo itilize pou reevalye ELL ki te soti nan LEA epi k ap reenskri. Presize tan ki pase ant lè ELL la te soti ak lè li te retounen, kote yo dwe fè yon evalyasyon konpetans li nan lang anglè. Enkli pwosedi pou fè rapò.

Yo dwe reevalye elèv LY k ap retounen nan Rejyon Palm Beach apre yon absans ennan (1 an) oubyen plis nan Florid oswa andeyò Etazini, avèk yon Evalyasyon Konpetans nan Lang Anglè distri a apwouve. Yo konplete yon pake reevalyasyon epi yon komite ELL reyini pou detèmine si elèv la pral kontinye nan pworam ESOL oswa soti. Dat orijinal HLS, antre, klasifikasyon ak DEUSS ap rete menm jan.

Yo P AP tounen teste yon elèv LF k ap retounen nan Rejyon Palm Beach apre yon absans nan Florid oswa nenpòt lòt eta nan Etazini. Y ap anrejistre tout dat kontwòl ki rete.

Yo dwe reevalye yon elèv LF k ap retounen nan Rejyon Palm Beach apre yon absans ennan (1 an) oubyen plis nan Florid oswa andeyò Etazini, avèk yon Evalyasyon Konpetans nan Lang Anglè distri a apwouve. Si elèv la montre li konpetan, yo ta dwe anrejistre tout dat kontwòl ki rete. Si elèv la montre li pa konpetan, epi li bezwen sèvis, yon komite ELL ap reyini pou reklase elèv la kòm yon LY. Baz antre a ap kode kòm L, epi sityasyon elèv la chanje vin LY, men dat orijinal HLS, antre, klasifikasyon ak DEUSS yo pa chanje.

Pou elèv ki nouvo nan rejyon an, dat DEUSS la se dat anwòlman an, epi yo dwe rapòte dat HLS, klasifikasyon ak antre ki apwopriye yo. Dat DEUSS pa janm kapab apre dat klasifikasyon oswa dat antre yo.

Devlopman Plan Elèv ELL

Dekri pwosedi pou devlope Plan Elèv ELL. Enkli tit moun ki responsab la (yo) pou devlope plan an, ak kenbe eleman rapò ELL yo ajou. Epiou, enkli yon deskripsyon sou kilè ak kijan yo mete plan an ajou pou reflete sèvis aktyèl elèv la.

Responsab/Kowòdinatè ESOL la dwe ranpli yon Plan Endividyèl ELL pou chak ELL LY yo apati dat antre yo nan pwogram nan epi kontinye chak ane apre sa toutotan elèv la nan pwogram nan. Estaf akademik, nan lekòl la, kapab bay opinyon yo nan devlopman Plan Endividyèl Elèv ELL la. Reponsab/kowòdinatè ESOL la dwe siyen plan an. Yo dwe mete Plan ELL la ajou chak ane nan kòmansman ane lekòl la ak lè sèvis yo chanje epi li dwe reflete plan ak sèvis ELL ki pi aktyèl la. Plan ELL la endike modèl pedagogik pou elèv la epi enkli dat ki idantifye nivo kominikasyon oral/ekri ki apwopriye a jan sa defini nan ELDC. Yo ofri elèv yo estrateji ak yon anviwònman pedagogik ki apwopriye, baze sou nivo kominikasyon oral/ekri yo ak jan sa endike nan Plan ELL endividyèl la. Yo kapab enkli enfòmasyon adisyonèl tankou nòt premye evalyasyon Konpetans nan Lang Anglè ak done sou evalyasyon aktyèl eta a nan Plan ELL la.

Dekri eleman plan an (sa vle di, kominikasyon ant lakay-lekòl, orè ak kou elèv la ap pran, kontwòl pwogrè, entèkansyon, egzamen ak lòt evalyasyon). Ki wòl pwofesè a nan devlopman plan an?

Eleman nan plan elèv la ap enkli non elèv la, dat DEUSS, ak nòt aktyèl ACCESS pou ELL 2.0 ak/oswa done evalyasyon eta a. Plan an ap reflekte modèl pedagojik yo itilize pou elèv la, kantite tan ansèyman oswa orè enstriksyon, dokimantasyon izaj estrateji ak sipò ESOL ki apwopriye, ak yon deskripsyon tout sèvis y ap founi. Yo fè pwofesè a konnen konpetans aural/oral ak lekti/ekriti yo evalye. Yo enfòm pwofesè a sou konpetans nan aural/oral ak konpetans nan lekti/redaksyon yo te evalye. Yo kapab revize pwogrè akademik elèv la, epi egzamine dosye ki soti nan lekòl avan yo, si yo disponib. Enfòmasyon sou plan elèv la ap enkli opinyon ansyen ak pwofesè aktyèl la atravè entèvyou pou jwenn enfòmasyon sou sosyalizasyon ak patisipasyon nan anviwònman jeneral klas la.

Tanpri enkli yon lyen sou Plan Elèv ELL la.

[Plan Elèv ELL](#).

Seksyon 4: Kondisyon Jeneral Pwogram nan ak Enstriksyon Elèv

Modèl Pedagojik

Anplis izaj estrateji pou anseye Moun ki Pale Lòt Lang (ESOL), ki obligatwa pou pwofesè k ap anseye ELL yo suiv, ki modèl oswa apwòch pedagojik yo itilize pou asire ansèyman nan yon langaj ELL yo kapab konprann? Deskripsyon chak modèl disponib nan manyèl bazdone Depatman Edikasyon Florid (FDOE) sou sit entènèt FDOE a. (*Tcheke tout sa ki aplikab*)

- Sheltered English Language Arts* (Kominikasyon Oral/Ekri ki enkli Lang Anglè)
- Sheltered Core/Basic Subject Areas* (Matyè Fondamantal/Debaz ki enkli Lang Anglè)
- Mainstream-Inclusion English Language Arts* (Kominkasyon Oral/Ekri)
- Mainstream-Inclusion Core/Basic Subject Areas* (Matyè Fondamantal/Debaz nan Salklas Regilye-Enklizyon)
- Maintenance and Developmental Bilingual Education* (Konsèvasyon ak Devlopman Edikasyon Bileng)
- Dual Language (two-way) Developmental Bilingual Education* (Devlopman Edikasyon Bileng pou Pwogram nan De Lang)

Dekri kijan yo itilize modèl ansèyman nan LEA. Jere fason LEA pral kontwòle lekòl yo pou fè sèten yo aplike modèl pedagojik yo ak fidelite.

Pwogram ESOL yo ofri nan Distri Lekòl Rejyon Palm Beach konsevwa pou ede ELL yo devlope konpetans yo nan lang anglè pandan y ap devlope anmenmtan konpetans nan domèn matyè fondamantal yo. Modèl ansèyman yo ofri ansèyman nan yon langaj yo kapab konprann, ki paralèl ak kourikoulòm jeneral la (gade nan tablo anba a).

FY25 Matrix of ESOL Program Models in Palm Beach County			
Program Options		Students Served	Definition
Support Model (M)	Collaborative Instruction	Students ranging from newly arrived ELLs with limited English to ELLs that have acquired basic English but need additional support with academic English.	ELLs are provided comprehensible instruction <u>in the mainstream classroom</u> . An ESOL teacher provides small group instruction focusing on <i>using ESOL strategies to meet the language and academic needs of ELLs</i> in the mainstream classroom. ESOL funded teacher and classroom teachers plan collaboratively to meet the needs of ELLs. <i>Generally, ELDC L1/L2 (can have Bs as appropriate.)</i>
	Mainstream Instruction	ELLs ranging from limited English speakers to proficient English speakers	ELLs are provided comprehensible instruction in the mainstream classroom. The classroom teacher uses ESOL strategies to meet the language and academic needs of ELLs. <i>Generally, ELDC Hs/Ps (can have Bs & Ls as appropriate.)</i>
	Specific ESOL Intervention	ELLs needing prescribed support, tailored to a unique need	ELLs are grouped by student specific needs and provided a research-based intervention by an ESOL funded intervention teacher. The intervention is customized by school leadership and must be used in conjunction with another ESOL model.
Sheltered Model (S)	Self-Contained Sheltered Instruction	Newly arrived English Language Learners (ELLs) with limited English	English Language Learners (ELLs) are grouped together and provided comprehensible instruction in a <u>separate environment</u> by an ESOL funded teacher. <i>Only recommended for ELDC Bs & Ls who have been in the ESOL program for two years or less. Not appropriate for ELDC Hs or Ps.</i>
Bilingual Model (D)	Curriculum Content in Home/Native Language	ELLs from a single language background	ELLs from a single language background are grouped for content (Math, Science, Social Studies or Language Arts) instruction in the home/native language provided by a bilingual teacher that is proficient in the language of instruction.
	Dual Language options below require one-year of planning prior to implementation		
	Dual Language – Two-Way Immersion	ELLs from a single language background are grouped with non-ELLs	ELLs from a single language background are grouped with fluent English speakers and are instructed in another language for at least 50% of the academic day. Literacy/language arts instruction is provided in both languages; other academic content has a designated language of instruction.

Prezantasyon konsèp ak materyèl yo ajiste pou akomode nivo konpetans chak elèv kap aprann Anglè lè yo itilize Estanda Eta a sou Konpetans nan Lang Anglè. Yo ankouraje pwofesè ESOL yo pou yo travay an kolaborasyon avèk pwofesè klas regilye yo pou yo ofri yon ansèyman ki konsistan pou satisfè bezwen chak ELL.

LEA monitors fidelity of implementation estrateji ansèyman ESOL yo avèk:

- Obsèvasyon nan Klas
- Pale sou Done yo
- Journal Aprantisaj Pwofesyonèl

Lekòl yo genyen pwofesè ESOL debaz ak resous ki konekte yo, baze sou kritè fòmil bidjè.

Lekòl yo kapab chwazi yon modèl pedagogik ki satisfè bezwen akademik Elèv k ap Aprann Anglè (ELLs) yo. Chak ane, lekòl yo soumèt yon **Plan Anglè pou Elèv ki Pale Lòt Lang (ESOL nan Tout Lekòl la)** ki bay detay sou kijan y ap mete an aplikasyon modèl yo chwazi yo. Direktè/tris a dwe soumèt plan sa a pou apwobasyon sipèvizè direktè/tris Depatman Edikasyon Miltikiltirèl.

Plan Anglè pou Elèv ki Pale Lòt Lang (ESOL) nan Tout Lekòl la sèvi kòm yon zouti pou bay yon pwosesis konsistan pou lekòl yo rapòte sèvis kontinyèl yo pou ELL yo epi etabli objektif ansèyman pou asire aliyman ak Plan Estratejik Distri a ak objektif ki tabli nan Plan Amelyorasyon Lekòl la (an Anglè *School Improvement Plan*). Nan plan sa a, Direktè yo idantifye modèl ansèyman ki aplike nan lekòl yo a selon done yo epi rapòte kijan yo planifye itilize pozisyon ESOL yo finanse yo pou ogmante siksè akademik ELL.

Dekri pwosesis pou verifye ansèyman yo bay ELL yo egal an kantite, sekans, kalite, ak dimansyon ak sa yo bay elèv ki pa ELL yo.

ELL yo resevwa ansèyman ki egal an kantite, sekans, kalite ak dimansyon konpare ak kanmarad ki pa ELL yo, jan sa endike nan **Plan Anglè pou Moun ki Pale Lòt Lang (ESOL) nan Tout Lekòl la** chak lekòl soumèt chak ane. Plan sa a detaye modèl ansèyman yo aplike, kou ki disponib pou ELL yo, lajè klas yo, ak lè pou kontakte pou estaf ESOL yo, enkli Fasilitatè Kominotè pou Lang yo ak Konseye Lekòl Bileng yo.

Lidèchip lekòl la ak distri a fè demach detanzantan nan salklas yo pou asire aliyman ak estanda eta a ak dispansasyon ansèyman ki konpreyansib e ekitab.

Anplis, avan yo adopte kourikoulòm, manm LEA yo fè sèten sipò Langaj ak estrateji ESOL yo prezan nan materyèl yo.

Kijan LEA a detèmine si modèl ansèyman yo afekte pèfòmans elèv yo pozitivman?

LEA evalye efikasite modèl ansèyman yo sou pèfòmans elèv yo atravè yon revizyon chak ane nan done Konpetans nan lang Angle (ELP). Pwogrè akademik ELL yo byen kontwole pandan tout ane a pou swiv kwasans lengwistik ak akademik yo.

Pèsonèl administratif ak sipò kontwole siksè modèl ansèyman nan analize obsèvasyon pwofesè yo, patisipasyon ELL, prezans, nòt, ak evalyasyon nan tout eta a, patikilyèman ACCESS pou ELL yo. Yo rasanble opinyon pwofesè yo tou kòm yon pati nan pwosesis revizyon an. Si yon modèl ansèyman pa demontre pwogrè nan objektif pèfòmans pozitif elèv yo, yo ka konsidere modèl altènatif.

Kijan yo garanti aksè egal ego ELL yo nan tout pwogram, sèvis ak lokal ki disponib pou elèv ki pa ELL yo?

Pèsonèl ki baze nan lekòl yo responsab pou garanti ELL yo genyen aksè egal ego nan tout pwogram lekòl, sèvis, ak lokal, epi tout ELL yo genyen menm dwa avèk kanmarad yo ki pa ELL. Depatman Edikasyon Miltikiltirèl sèvi kòm defansè pou ELL ak fanmi yo pou garanti aksè egal ego epi bay tout pèsonèl ansanm ak fanmi enfòmasyon ak fòmasyon, konsènan aksè egal ego nan tout pwogram ak sèvis pou ELL yo.

Anplis, ekip lidèchip lekòl yo fè yon analiz Master Board pou evalye patisipasyon ELL nan divès pwogram. Rapò Dashboard Direktè a, ki bay done konparatif sou anwòlman ELL ak elèv ki pa ELL, se yon lòt zouti ki itilize pou kontwole angajman ELL. Plan Pwogresyon Elèv Distri a ranfòse ELL yo dwe gen aksè ekitab nan tout pwogram distri a, jan sa aplikab.

Dekri metòd la (yo) yo itilize nan LEA pou dokimante izaj estrateji pedagogik ESOL ak kijan yo kontwole sa.

Pwofesè yo dokimante estrateji pedagogik pou elèv ELL yo nan plan leson epi se administratè lekòl yo kontwole regilyèman. Yo ankouraje pwofesè yo pou yo resevwa fòmasyon adisyonèl nan domèn Pedagoji Diferansye ak estrateji ESOL. Yo bay elèv yo sipò swa endividyèlman, swa nan ti gwoup, baze sou bezwen elèv la, pou yo kapab sible yon lakin espesifik yo te idantifye atravè devwa nan klas ak evalyasyon yo nan tout eta a. Yo kontwole estrateji pedagogik yo ankò atravè remak detaye sou sipò ak done endividyalize elèv, osibyen nan obsèvasyon nan klas ak nan entèvyou avèk pwofesè. Kontwòl pwogram pedagoji pou ELL kapab enkli men yo pa limite ak:

- Dokimantasyon estrateji ESOL nan plan leson pwofesè
- Revizyon pwogrè ELL nan tès referans sou ranman baze sou kritè eta a apwouve.
- Tès dyagnostik distri a kreye osibyen ak Evalyasyon Konpreyansyon ak Kominikasyon nan Anglè Eta a pou ELL yo (ACCESS for ELLs).
- Aplikasyon rekòmandasyon Komite ELL yo.
- Revizyon regilye pwogrè ki itilize Kontinuite nan Devlopman Aprantisaj Lang Anglè (English Language Development Continuum) ak enfòmasyon nan kanè.
- Ale nan klas yo pou asire ansèyman nan lang ki fasil pou konprann epi fè sèten pwofesè yo aplike estrateji pedagogik ESOL yo.

Kijan LEA ak lekòl la (yo) verifye yo bay elèv ELL yo enstriksyon jeneral?

Administrasyon lekòl evalye pwofesè yo avèk Pwotokòl Modèl Pedagojik Palm Beach pou Pwofesè nan Klas (Palm Beach Model of Instruction Classroom Teacher Protocols) ki enkli prezante evidans planifikasyon ak preparasyon pou bezwen Elèv K ap Aprann Anglè (Domèn 1).

Sipèentandan Rejyonal/Pedagojik, Administratè/tris nan lekòl, administratè/tris ESOL distri a, ak/oswa kowòdonatè/tris/responsab ESOL ki baze nan lekòl yo kapab fè revizyon nan bi pou kontwole si pwogram elèv yo apwopriye. Revizyon sa yo kapab enkli sa ki dekri la a:

- Kontwole epi revize pèfòmans kou fondamantal yo (Lekti, ak Matematik, Syans, Syans Sosyal oswa kou ekivalan yo) kote yo itilize enstriman Kontwòl Pwogrè eta a apwouve.
- Kontwòl nivo ranman elèv yo nan Evalyasyon Eta a oswa tèks ki baze sou nòm referans.
- Obsèvasyon nan Klas.

LEA avèk lekòl yo verifye si yo bay elèv ELL yo yon ansèyman konpreyansib avèk:

- Kanè
- Fòm siveyans akademik
- Journal Aprantisaj Pwofesyonèl

Anplis, avan yo adopte kourikoulòm lan, manm LEA fè sèten sipò Langaj sipò yo ak estrateji ESOL yo prezan nan materyèl yo.

Ki dispozisyon legal ki anplas pou garanti tout ELL resevwa aksè egal ego nan pwogram yo ak ansèyman ki itilize langaj ki fasil pou ELL konprann? Enkli pèsonèl lekòl la ak LEA ki responsab pou garanti ansèyman nan yon langaj ki fasil pou ELL konprann.

Chak ane, lekòl yo soumèt yon Plan pou Moun ki pale lòt Lang, k ap Aprann Anglè (ESOL) nan tout lekòl la pou ekspeze detay plan aplikasyon yo. Direktè/ris la dwe soumèt plan aksyon sa a epi Depatman Edikasyon Miltikiltirèl dwe apwouve l. Lekòl yo fè yon revizyon anyèl pwogram ESOL yo pou detèmine efikasite yo pou satisfè objektif ranman yon elèv.

LEA patisipe nan pwosesis pou garanti aksè egal ego nan pwogram ak materyèl, tankou adopsyon materièl pedagojik, plan pwogrè elèv, plan entèvasyon, ak devlopman pwofesyonèl.

Sipèentandan Rejyonal/Pedagojik, Administrasyon nan lekòl, administratè ESOL distri a, ak/oswa kowòdonatè/responsab ESOL ki baze nan lekòl yo kapab fè revizyon nan bi pou garanti ansèyman nan yon langaj ki fasil pou ELL konprann. Revizyon sa yo kapab enkli sa ki dekri la a:

- Kontwòl ak sipèvizyon nivo rannman elèv nan domèn kou fondamantal yo (Kominikasyon oral/ekri, ak Matematik, Syans, Syans Sosyal, oswa kou ekivalan yo) kote yo itilize enstriman Kontwòl Pwogrè eta a apwouve.
- Kontwòl nivo rannman elèv la nan Evalyasyon Tout Eta a oswa nan tè s ki baze sou nòm referans.
- Obsèvasyon nan Klas.

Ki enstriman kontwòl pwogrè yo itilize pou garanti tout ELL yo ap metrize nòm matyè akademik, ak pwen referans ak nòm Devlopman Nan Lang Anglè (ELD ann anglè)? (Tcheke tout sa ki aplikab)

Pòtfolyo Elèv

Lòt Tès Referans ki baze sou Kritè (Presize) *ACCESS for ELLs, Alternate ACCESS, Kindergarten ACCESS for ELLs, WIDA Screener, LAS Links, FAST, FAA, EOC*

Evalyasyon Lang Natif Natal (Presize *LAS Links Spanish, Oral Reading Records Spanish*)

LEA/Evalyasyon pou tout lekòl (Presize), Tès dyagnostik Distri a devlope, enkli Evalyasyon Rannman *Palm Beach Performance Assessment, Unit Standard Assessment (USA), Florida Standards Quiz (FSQ), Benchmark Assessments, Oral Reading Records*

Lòt (Presize), Evalyasyon ki baze sou teknoloji, enkli men ki pa limite nan *i-Ready, Diagnostics/Assessments, Imagine Learning, Benchmark, iStation, Achieve 3000 Level Set Test*

Pwogresyon Elèv

Èske yo te enkòpore nòm ak pwosedi LEA yo pou pwomosyon, plasman, ak pou ELL yo double, nan Plan Pwogresyon Elèv la (SPP)? Sinon, kibò moun kapab jwenn enfòmasyon sa a?

Wi (Tanpri bay yon lyen nan LEA's SPP kote yo souliyen sa ki konsène ELL yo espesifikman.)

Non (Presize)

<https://www.palmbeachschools.org/studentsparents/student-progression-plan>

Pgs. 26, 36, 52, 104, 109, 125, 126, 145, 155, 164, 166, 177

Dekri kijan Règleman “Rezon Valab” (Good Cause Policy) aplike nan LEA lè ELL ki te anwole pandan mwens pase dezan (baze sou DEUSS) jwenn eksepsyon pou yo pa double twazyèm ane jan lalwa egzije l. Enkli kijan yo enfòme paran oswa responsab yo sou desizyon “Rezon Valab” LEA a.

Jan sa endike nan Plan Pwogresyon Elèv distri a, Sipèentandan a kapab fè eksepsyon pou elèv twazyèm ane yo pa double akòz rezon valab, si ELL yo te resevwa mwens pase dezan ansèyman (baze sou DEUSS) nan yon pwogram ESOL. Se yon komite rekòmandasyon ELL ki dwe pran desizyon yo, enkli opinyon paran, pwofesè ak estaf sipò. Yo enfòme paran sou Egzansyon pou Rezon Valab pou ELL yo nan lang natif natal yo.

Dekri ki wòl komite ELL la jwe nan desizyon pou rekòmande pou nenpòt ELL double oswa pase, ak ki dokiman yo itilize pou sipòte desizyon yo.

Selon Règleman Komite Dirijan Lekòl yo 6A-6.0902, 6A-6.0903, 6A- 6.0904, and 6A-1.09432(6), yon elèv yo idantifye kòm yon ELL dwe satisfè nivo pèfòmans distri a, jan sa endike nan tablo Pwogresyon Elèv ki disponib nan Plan Pwogresyon Elèv Distri a.

Pwomosyon yon ELL dwe baze sou rannman akademik elèv la, san yo pa konsidere nivo konpetans li nan anglè. ELL yo dwe demontre abilte nan lekti ak ekriti nan nivo klas yo swa ann anglè swa nan lang natif natal yo lè sa fezab. Yo kapab pa fè ELL yo double si yo sibstansyèlman anba nivo klas la nan lekti ann anglè, men yo kapab demontre abilte nan lekti ak ekriti nan lang natif natal yo. Pou yon ELL double, sa mande pou Komite ELL la revize epi rekòmande sa, e li pa dwe baze sèlman sou lakin nan konpetans nan anglè, demonstrasyon konpetans nan matyè nivo klas la ann anglè, oswa yon nòt nan yon sèl enstriman evalyasyon. Yon Komite ELL dwe reyini pou detèmine si yon ELL ta dwe double, avèk dokimantasyon nan Rapò sou Elèv k ap Aprann Anglè (ELL).

Yon ELL oblije satisfè nòm rannman elèv pou nivo klas ki apwopriye a. Sepandan, ELL ki te apwouve pou pwogram Anglè pou Moun ki Pale Lòt Lang (ESOL) pandan mwens pase de ane lekòl konplè pa ta dwe oblije demontre konpetans nan nòm yo ann anglè. Lwa Consent Decree a ak egzijans Tit III se pou mezire kapasite elèv la pou li rive satisfè nòm yo, san yo pa konsidere si kapasite a se ann Anglè oswa nan lang matènèl elèv la.

Pou elèv ki nan klas K-5, Depatman Edikasyon Miltikiltirèl te prepare Rapò sou Reyinyon sou Pwogresyon Elèv k ap Aprann Anglè (ELL) pou ede lekòl elemantè detèmine si difikilte akademik ELL yo se rezilta defisyans nan akizisyon langaj oswa yon defisyans akademik. Fèy papyè kote yo anrejistre travay elèv la fèt pou montre pwogrè endividyèl li nan tablo Pwogresyon Elèv nan nivo klas ki apwo-priye a. Yo dwe prezante yon Rapò konplè nan yon reyinyon Komite ELL pou chak elèv y ap konsidere pou l double klas la. Komite ELL la ap rekòmande si wi ou non yon ELL dwe double.

Komite ELL la ta dwe itilize pwogrè adekwat, jan li defini nan Plan ELL la, ak omwen yon lòt kritè, kòm fondman pou fè l double. Yo kapab rekòmande yon ELL pou l double si komite ELL la detèmine elèv la pa t pwogrese yon fason satisfèzan epi mankman pwogrè sa a pa baze sou akizisyon langaj. Yo soumèt rekòmandasyon an bay Sipèvizè Direktè/tris la ak Depatman Edikasyon Miltikiltirèl pou apwobasyon definitif.

Seksyon 5: Evalyasyon nan Tout Eta a (Règleman 6A-6.09091, F.A.C.)

Evalyasyon nan Tout Eta a

Dekri pwosesis pou garanti tout ELL patisipe nan pwogram evalyasyon nan tout eta Florid la. Enkli kijan estaf responsab yo resevwa fòmasyon pou administre evalyasyon yo epi kenbe dokiman sou sa ki dekri anba la a:

Tout ELL nan Rejyon Palm Beach, san yo pa konsidere tan yo genyen nan pwogram ESOL la, ap patisipe nan tout Evalyasyon nan Tout Eta a ki aplikab. Depatman Rechèch, Evalyasyon, ak Evalyasyon Distri a (an Anglè DREA) kolabore avèk Depatman Edikasyon Miltikiltirèl Distri a pou bay kowòdinatè/tris tès nan lekòl yo fòmasyon ak enfòmasyon sou kondisyon pou patisipasyon ELL yo nan pwogram evalyasyon nan tout Eta yo. Akomodasyon pou ELL yo nan administrasyon evalyasyon nan tout eta a yo dwe suiv direktiv ki espesifye nan manyèl respektif evalyasyon yo.

Evalyasyon domèn kontni nan tout eta a:

Tout elèv ELL ap patisipe nan evalyasyon tout eta a. LEA fè sèten tout elèv ELL k ap patisipe nan pwogram Evalyasyon tou Eta epi yo resevwa akomodasyon apwopriye pou tès yo. Kowòdonatè egzamen chak lekòl la responsab pou evalye elèv ELL yo sou kanpis yo epi bay aranjman apwopriye yo. Elèv ELL k ap resevwa sèvis nan yon pwogram ELL k ap fonksyone selon yon plan ELL apwouve epi k ap pase tès leta egzije yo kapab jwenn aranjman. Sepandan, yo dwe detèmine konbinezon egzak akomodasyon yo pou chak elèv an patikilye, an konsiderasyon bezwen elèv la ak rekòmandasyon ekip elèv la. Paran/responsab legal yo resevwa yon lèt pou avize sou diferan aranjman egzamen yo.

ACCESS pou evalyasyon ELL yo:

Elèv ki gen kòd LY (K ap resevwa sèvis ESOL aktivman) anvan premye jou nan ACCESS pou ELLs 2.0 pou peryòd administrasyon tès yo ap pran tès pou konpetans nan langaj. Depatman Rechèch, Evalyasyon, ak Evalyasyon Distri a (an Anglè DREA), kominike avèk kowòdonatè/tris tès nan lekòl yo pou garanti yo resevwa enfòmasyon ki apwopriye pou administrasyon tès yo. Anplis, yo kominike enfòmasyon yo atravè korespondans Distri a pou gide moun nan aksè nan Secure Portal (Pòtay Sekirize) WIDA pou patisipasyon nan fòmasyon administratè tès ACCESS pou ELL 2.0. Chak kowòdonatè tès nan lekòl yo responsab pou garanti sa ki ekri la a:

- Tout administratè tès te konplete sesyon fòmasyon ki apwopriye a.
- Yo evalye tout ELL ki elijib yo nan lekòl yo.

- Yo bay akomodasyon ki apwopriye.

ACCESS pou ELL 2.0 se yon evalyasyon sou papye pou klas 1–12. Elèv yo pran seksyon Oral tès la endividyalman avèk yon administratè tès; seksyon Konpreyansyon oral, Lekti, ak Redaksyon yo kapab fèt an gwoup. ELL 2.0 yo nan jadendanfan se yon evalyasyon sou papye pou Jadendanfan kote elèv yo pran tout seksyon tès la endividyalman avèk yon administratè tès. ACCESS pou ELL 2.0 Alternatif la se yon evalyasyon sou papye pou elèv nan klas 1–12 ki genyen andikap ki ase grav, kote elèv yo pran tout seksyon tès yo endividyalman avèk yon administratè tès.

Evalyasyon ACCESS altènatif kote elèv ki nan klas 1^{ye} rive 12^{yèm} ane ak elèv ki gen andikap mantal ki pi enpòtan yo resevwa egzamen nan tout seksyon tès yo, endividyalman, avèk yon tès administratè. Nouvo kritè konpetans pou yon nòt konpoze omwen P2 nan klas Jadendanfan rive 5^{yèm} ane, omwen P3 nan klas 6^{yèm}-8^{yèm} ane ak omwen P4 nan klas 9^{yèm}-12^{yèm} ane.

Ki tit moun (yo) ki responsab nan lekòl yo pou garanti epi dokimante tout ELL yo resevwa akomodasyon apwopriye pou tès yo (pou chak kondisyon administrasyon tès yo)?

Tout administratè tès nan lekòl yo responsab pou garanti tout ELL jwen akomodasyon ki apwopriye pou evalyasyon yo nan tout eta a.

Dekri kijan yo enfòme paran ELL sou evalyasyon ak akomodasyon pou tès yo. Kijan LEA garanti paran konprann règleman sou evalyasyon nan tout Eta Florid yo, egzijans ak rezilta? Tanpri, bay lyen pou kominikasyon yo nan lang paran yo.

Avan dat evalyasyon yo, yo dwe enfòme paran yo sou tout règleman evalyasyon nan tout eta a ak egzijans yo nan yon lang yo kapab konprann, lè sa posib. Yo voye yon lèt bay paran ELL yo ki eksplike akomodasyon ki otorize pou tès yo. Yo avize paran yo sou rezilta evalyasyon yo atravè rapò endividyalize sou nòt elèv la ki endike nivo ranman ansanm avèk gid pou entèprete rezilta yo. These guides are available in multiple languages. Gid sa yo disponib nan plizyè lang. Paran oswa pwofesè a gendwa programe yon konferans ant paran/pwofesè avèk yon tradiktè ki prezan si sa nesesè, pou diskite sou règleman, egzijans ak rezilta evalyasyon yo.

Enfòmasyon pou paran sou ACCESS pou ELL:

<https://www.fldoe.org/accountability/assessments/k-12-student-assessment/access-for-ells.stml>

Lèt pou Paran sou Akomodasyon pou Evalyasyon:

<https://www2.palmbeachschools.org/formssearch/pdf/1939.pdf>

<https://www2.palmbeachschools.org/formssearch/pdf/1939SP.pdf>

<https://www2.palmbeachschools.org/formssearch/pdf/1939CR.pdf>

<https://www2.palmbeachschools.org/formssearch/pdf/1939PO.pdf>

Seksyon 6: Evalyasyon Anyèl sou Konpetans nan Lang Anglè (Règleman 6A-6.0903, F.A.C.)

Dekri pwosedi ki detèmine si elèv ELL yo prè pou soti nan pwogram ESOL LEA a. Enkli pwosedi pou soti nan tout domèn langaj yo (tande, pale, li ak ekri), pou kritè akademik espesifik ak klas ak rapò done sou chanjman kritè.

Dapre 6A-6.0903, Kritè pou Elèv k ap Aprann Anglè yo soti nan pwogram ESOL nan, yo pral konsidere ELL yo ki konpetan nan lang Anglè epi yo dwe soti nan pwogram ESOL la lè yo fini sa yo:

Klas K-2 egzije nòt nan yon evalyasyon (Baz Kòd pou Sòti: H)

- ACCESS pou ELL 2.0 - nòt konpetan (Level 4+) nan lekti ak konpoze an jeneral
- ACCESS altènatif pou elèv ELL yo – Nòt konpetan P2

Klas 3-9 ane egzije nòt nan nan de (2) evalyasyon (Basis of Exit Code: I)

- Yon nòt ki pase nan evalyasyon ELA/Lekti nan nivo klas la, dapre nòt ki espesifye nan Règ 6A-1.09422, F.A.C., oswa evalyasyon altènatif nan tout eta a, dapre Règ 6A-1.09430, F.A.C

AK

- ACCESS pou elèv ELL 2.0 - nòt konpetan (Nivo 4+) nan lekti ak nan konpozisyon jeneral OSWA ACCESS Altènatif yon nòt konpetan P2 pou klas 3-5, yon nòt konpetan P3 pou klas 6-8 oswa yon nòt konpetan P4 pou klas 9^{yèm} ane.

Klas 10-12 egzije nòt nan de (2) evalyasyon (Basis of Exit Code: J)

- Pase evalyasyon klas 10yèm ane ELA/Lekti nan tout eta a oswa yon nòt pase nan evalyasyon klas 10yèm ane ELA/Lekti (2014-2015), dapre Règ 6A-1.09422, F.A.C., oswa, pou elèv ki elijib, yon nòt pase nan evalyasyon ELA altènatif la nan tout eta a, dapre Règ 6A-1.09430, F.A.C., ki ase pou satisfè kondisyon gradyasyon ki aplikab yo. Elèv yo kapab satisfè egzijans gradyasyon ki aplikab yo tou lè yo jwenn yon nòt ekivalan ki koresponn dapre Règ 6A-1.09422, F.A.C.

AK

- ACCESS pou elèv ELL 2.0 - nòt konpetan (> 4) nan lekti ak konpozisyon jeneral OSWA ACCESS Altènatif yon nòt konpetan P4

Elèv ki satisfè kritè konpetans Eta a etabli yo pral soti nan nivo Distri a pandan ete a. Yo idantifye elèv ki sòti nan yon estati ELL LF nan SIS la. Apre yo fin soti nan pwogram nan, y ap kontwole pwogrè akademik elèv LF yo pandan dezan.

Yo kapab konsidere elèv yo pou sòti nan dat re-evalyasyon yo pwograme yo oswa nenpòt lè anvan dat sa a si yo reyalize kondisyon pou sòti yo. Estaf lekòl la oswa paran yo kapab mande yon Komite ELL nenpòt lè pou detèmine si yon elèv elijib pou sòti nan Pwogram ESOL la.

Yo ta dwe bay yon kopi Rapò Reyinyon Elèv la ak notifikasyon Paran an sou Sòti oswa Kontinyasyon bay nenpòt paran/gadyen ki prezan oswa voye yo lakay yo bay nenpòt

paran ki pa t patisipe nan reyinyon Komite ELL la pou enfòm li sou desizyon yo pran pou pwolonje oswa kite sèvis Pwogram ESOL yo. Dokiman yo ta dwe nan lang ekri paran an, depi sa posib.

Ki tit moun (yo) ki responsab pou fè evalyasyon sòti yo dekri pi wo a? (Tcheke tout sa ki aplikab.)

- Administratè tè ki baze nan Lekòl/LEA
- Pwofesè/Kowòdonatè ESOL
- Lòt (Presize) Estaf lekòl ki kalifye Lengwistikman ki resevwa fòmasyon nan administrasyon evalyasyon lang.

Ki lè yon Komite ELL patisipe nan pran desizyon pou sòti? Ki kritè Komite a itilize pou detèmine lang ak konpetans akademik?

Si rezilta evalyasyon yo pa totalman montre bezwen akademik oswa lengwistik elèv la, komite ELL la kapab rankontre kote yo diskite opinyon paran yo, pwofesè yo ak anplwaye sipò yo epi pran desizyon plasman yo. Yon Komite ELL kapab rekòmande pou elèv la sòti an konsiderasyon lòt done anplis evalyasyon nan tout eta a, tankou pòtfolyo elèv la oswa evalyasyon altènatif. Yon komite ELL kapab rankontre tou pou l revize pwogrè elèv la epi pou l retire yon elèv nan pwogram ESOL la si gen ase prèv ki montre se pa Konpetans nan Lang Anglè a ki pwoblèm nan k ap entèfere ak elèv la poul reyalize konpetans swa nan egzamen Konpetans nan Lang Anglè nan tout Eta a oswa nan Evalyasyon Akademik nan tout Eta a. Elèv la kapab jwenn yon lòt andikap ki dokimante atravè yon IEP oswa yon lòt plan elèv. Kèlkeswa rezon pou sòti a, yon komite ELL ta dwe revize dosye akademik ak konpetans nan Lang Anglè elèv la epi dokimante omwen de (2) nan senk kritè ki endike anba a pou retire yon elèv:

- Dimansyon ak nati eksperyans edikasyonèl oswa akademik anvan, eksperyans sosyal, ak yon entèvyou elèv
- Rekòmandasyon alekri ak obsèvasyon anplwaye sèvis ansèyman ak sipò aktyèl ak te fè avan sa,
- Nivo metriz konpetans debaz oswa abilite nan lang Anglè ak lang eritaj dapre estanda lokal, eta oswa kritè ki baze sou referans nasyonal,
- Nòt nan ane aktyèl la oswa ane anvan yo, oswa
- Rezilta tè eksepte evalyasyon yo antre yo

Dekri pwosedi yo si yon ELL satisfè kalifikasyon pou sòti nan mitan yon peryòd nòt.

Malgre ELL yo anjeneral soti nan pwogram ESOL lè yo satisfè kritè pou sòti atravè evalyasyon, yo kapab refere ELL yo pou sòti nenpòt lè pandan ane lekòl la. Piske yo itilize nòmalman done ACCESS pou ELL yo ak FAST ELA kòm enstriman pou pran desizyon pou sòti yo, epi yo anjeneral resevwa done sa pandan ete a, nenpòt desizyon pou sòti nan mitan yon peryòd nòt oswa yon ane lekòl ta mande yon desizyon komite ELL ki baze sou yon analiz done aktyèl ak evalyasyon elèv yo. Y ap bay yon

evalyasyon aktyèl konpetans nan lang Anglè, ansanm ak revizyon nòt kanè yo, nòt tèz referans ak done pòtfolyo. Y ap mande moun ki gen enterè yo: paran yo, pwofesè yo ak anplwaye sipò yo opinyon yo tou. Kòd sòti a pral L, epi kòd elèv la ap chanje soti nan LY rive nan LF.

Seksyon 7: Kontwòl Pwosedè (Règleman 6A-6.0903, F.A.C.)

Pandan peryòd dezan obligatwa pou kontwòl la, ki tit moun(yo) ki responsab pou:

Fè suivi sou pèfòmans ansyen ELL yo?

Pwofesè klas, Kontak/Kowòdinatè(tris) ESOL, ak Konseye Akademik

Mete plan pou etidyan ELL ajou?

Pwofesè klas, Kontak/Kowòdinatè(tris) ESOL, ak Konseye Akademik

Reklasifikasyon estati elèv ELL nan sistèm rapò sou done yo?

Estaf Depatman Edikasyon Miltikiltirèl, Kowòdonatè Enstriksyon Rejyonal ESOL

Ki dokimantasyon ki itilize pou kontwole pwogrè elèv la? (Tyeke tout sa ki aplikab)

- Kanè
- Nòt Tès yo
- Pèfòmans nan Klas
- Opinyon Pwofesè
- Eltr. (Espesifye): Endikatè Devlopman nan Langaj ak Konpreyansyon (an Anglè OLDI)

Ki pwosedè, enkli reklasifikasyon posib, ki ekzekite lè pèfòmans akademik ansyen ELL ki pa nan nivo klas yo?

Komite ELL la (tankou paran/responsab) idantifye elèv ki pa fè pwogrè akademik adekwa apre yo fin soti nan Pwogram ESOL la men ki toujou nan peryòd siveyans de (2) zan yo. Yo dwe fè yon evalyasyon ELP. Yon Komite ELL dwe fèt epi tout moun ki asiste yo dwe ranpli ak siyen yon fòm rapò Komite ELL ki detaye rezon pou reklasifikasyon yo. Anvan yo konsidere reklasifikasyon, Komite a dwe detèmine si defisyans akademik elèv yo se akòz konpetans limite Anglè ak soti twò bonè. Yo kapab reklasifye yon elèv nan Pwogram ESOL la si Komite ELL la konsidere sa nesèsè.

Men etap ki nesèsè pou reklasifye yon elèv avèk siksè:

- Konvoke reyinyon Komite ELL pou detèmine si yo pral reklasifye elèv la nan Pwogram ESOL. Yo dwe voye yon Envitasyon Reyinyon Paran Komite ELL bay paran/responsab la omwen dis (10) jou anvan dat reyinyon an.
- Pandan reyinyon an, revize tout done elèv la ki te kòmanse enkyetid ak posiblite pou reklasifikasyon. Tout moun ki asiste yo dwe siyen Rapò Reyinyon Elèv

Komite ELL la. Yo dwe bay paran/responsab la yon notifikasyon sou rezilta reyinyon yo, si yo pa t kapab patisipe nan reyinyon Komite ELL la.

- Apre reyinyon Komite ELL la, administre ak bay nòt tout domèn Evalyasyon Lang Anglè la.
- Lekòl yo pral soumèt yon fòm Reklasifikasyon pou mande yon reyinyon ak yon reprezantan Depatman Edikasyon Miltikiltirèl.
 - Lè w fin kominike ak Depatman Edikasyon Miltikiltirèl, dakò reyinyon Komite ELL pou swiv pou diskite sou rezilta Evalyasyon Lang, reklasifikasyon nan Pwogram ESOL, ak/oswa lòt detèminasyon. Yo dwe voye yon envitasyon paran nan reyinyon Komite ELL la bay paran/gadyen an omwen dis (10) jou avan dat reyinyon an. Paran/gadyen yo dwe resevwa yon notifikasyon sou desizyon pou reklasifye yo si yo pa t kapab patisipe nan reyinyon Komite ELL la.
- Depatman Edikasyon Miltikiltirèl pral antre tout done SIS pou reklasifikasyon.
- Yo mete rekòmandasyon Komite ELL yo (Rapò Reyinyon Elèv yo) nan dosye ELL elèv la.

Konfòmite ak Plan ELL ak Pèfòmans Elèv la

Dekri pwosedi entèn LEA k ap kontwole Pwogram ESOL la ki pou konfòmite, suiv pèfòmans akademik elèv la.

Distri Lekòl Rejyon Palm Beach kontwole pwogram ESOL la pou konfòmite ak pèfòmans akademik elèv la atravè mezi ki pi ba yo:

- Plan Ekzekisyon ESOL nan Tout-Lekòl la
- Enfòmasyon Elèv/Rapò sou Done
- Klasè ELL/Dosye
- Plan Endividyèl pou ELL
- Done Evalyasyon pou Tout Eta a
- Kontinite Devlopman Lang Anglè (ELDC)
- Kontwole Kanè Eskolè
- Dosye Fòmasyon ak Sètifikasyon nan ESOL

Kòman sit lekòl yo, paran ak moun ki enterese yo gen aksè ak Plan ELL Distri a apwouve?

Konsèy pou Lidèchip Paran Distri nou an revize, bay opinyon, epi apwouve Plan ELL Distri a. Tout opinyon PLC Distri a kontribye entegre nan plan an avan yo apwove yo. Yo mete yon lyen Plan aktyèl ELL Distri a apwouve a disponib sou paj elektwonik distri a. Gen tradiksyon ki disponib pou paran ak moun enterese ki mande.

Kòman LEA fè sèten lekòl yo ekzekite Plan ELL Distri a?

Distri Lekòl Rejyon Palm Beach fè sèten lekòl lyo ekzekite Plan ELL Distri a nan plizyè fason. Yo revize modèl pwogram yo nan chak lekòl atravè Plan Pwofil ESOL ak/oswa

ESOL nan Tout Lekòl la. Sa a bay Lidèchip Distri a modèl ansèyman lekòl, kantite elèv ki nan chak lekòl (LY ak LF), sèvis yo bay, ak ki moun ki bay sèvis yo. Yo bay lekòl yo kalandriye travay chak mwa ki gen ladan travay ak pwosedi ki nesese pou efikasite pwogram nan. Lekòl yo soumèt verifikasyon pou fini travay yo chak mwa.. Anplis, prezans nan reyinyon mansyèl, Depatman Edikasyon Miltikiltirè Distri a ofri, obligatwa pou tout Kowòdinatè(tris)/Kontak ESOL yo. Pandan reyinyon sa yo gen bon enfòmasyon ak fòmasyon yo distribye sou pi bon pratik ki genyen pou ELL.

Seksyon 8: Dwa ak Notifikasyon Paran, Responsab, Elèv

Dekri pwosedi yo itilize epi bay yon lyen nan notifikasyon pou paran yon ELL yo idantifye pou patisipasyon nan yon pwogram edikatif pou ansèyman lang. Dapre Lwa Chak Elèv Reyisi a *Per the Every Student Succeeds Act* ak regleman konsèy egzekitif eta a, avi sa a dwe defini:

1. rezon yo itilize pou idantifye pitit yo kòm yon ELL ak nesese pou mete timoun nan yon pwogram edikatif pou langaj;
2. nivo konpetans elèv la nan Anglè, kòman yo te evalye yon tèl nivo, ak kondisyon pèfòmans akademik elèv la;
3. metòd ansèyman yo itilize nan pwogram timoun nan ye a, oswa pral ye a, patisipasyon ak metòd pedagogik yo itilize nan lòt pwogram ki disponib yo, enkli, kòman pwogram sa yo diferan nan kontni, objektif edikatif, ak izaj Anglè ak lang natal nan ansèyman;
4. kòman pwogram kote pitit yo ye a, oswa pral ye, ap patisipe a pral satisfè pwen fò ak bezwen edikatif pitit yo;
5. kòman yon pwogram konsa pral ede pitit yo nan espesifikman aprann Anglè epi satisfè estanda pou ranman akademik dapre laj elèv la pou pwomosyon ak gradyasyon;
6. kondisyon espesifik pou soti nan pwogram nan, enkli pousantaj yo te atann pou tranzisyon nan yon pwogram konsa pou ale nan klas ki pa pou ELL sèlman, ak pousantaj yo te atann pou gradyasyon nan lekòl segondè (pou elèv nan lekòl segondè yo);
7. nan ka yon elèv ki andikape, kòman yon tèl pwogram satisfè objektif pwogram ansèyman endividalize pou elèv la, ak
8. enfòmasyon ki konsène dwa parantal ki enkli direktiv alekri—
 - a. detay sou dwa paran yo dwe genyen pou retire pitit yo imedyatman nan yon tèl pwogram si yo fè demann la;
 - b. detay sou opsyon paran yo genyen pou deklive pou enskri pitit yo nan yon pwogram konsa oswa pou chwazi yon lòt pwogram oswa metòd ansèyman, si sa disponib; epi
 - c. asiste paran nan seleksyon ant plizyè pwogram ak metòd ansèyman, si yo ofri plis pase yon pwogram oswa metòd.

Yo dwe ranpli Sondaj sou Lang Lakay la *Home Language Survey (HLS)* ki sou fòm enskripsyon an pou tout elèv lè yo antre pou premye fwa nan yon lekòl piblik Rejyon Palm Beach. Si yo tcheke “yes” nan youn oswa plizyè kesyon Sondaj sou Lang Lakay la pandan enskripsyon an, yo dwe teste elèv la pou sèvis ESOL. Estaf lekòl la gen 20 jou

lekòl pou administre evalyasyon *English Language Proficiency (ELP)* Konpetans nan Lang Anglè ki apwopriye a.

Yon fwa yo bay evalyasyon ELP a, yo analize nòt la pou detèmine si elèv la kalifye pou sèvis ESOL. Si sa aplikab, estaf lekòl la pral revize tout dosye k ap vini yo ansanm ak tèl lang ak/oswa lekti/ekriti yo pou detèmine bon plasman nan pwogram nan.

Y ap enfòmè paran yo sou plasman nan pwogram atravè yon lèt Notifikasyon sou Premye Plasman nan Pwogram nan Lang Anglè nan lang ekri yo prefere (si sa posib). Lèt la fè paran yo konnen plasman nan Pwogram ESOL, pwogram ELL ak sèvis yo bay, ak kritè pou sòti. Anplis, paran yo gen opsyon pou yo refize modèl ansèyman yo bay nan pwogram nan. Yo kenbe yon kopi fòm sa a ki siyen nan dosye ELL elèv la.

Paran elèv k ap aprann lang Anglè yo resevwa enfòmasyon konsènan pwomosyon ak gradyasyon atravè kominikasyon lekòl yo [District's Student Progression Plan](#), ak [District's webpage](#) Plan Pwogresyon Elèv Distri a, ak paj entènèt Distri a.

Pou Elèv k ap aprann Lang Anglè ki gen yon andikap, lekòl yo travay an kolaborasyon ak Depatman Edikasyon pou Elèv Espesyal pou asire yo atenn objektif akademik atravè sèvis pwogram yo bay yo

Dekri pwosedi Estaf lekòl la itilize pou ofri paran oswa responsab yo asistans nan lang natal ELL yo.

Pou kominike avèk tout gwoup lengwistik ki reprezante nan Rejyon Palm Beach, gen moun ki disponib pou ofri asistans nan chak lekòl. Tout kominikasyon oral ak ekri ant Estaf lekòl la ak paran ELL yo dwe fèt nan lang prensipal paran an chak fwa sa posib.

Distri a bay lekòl yo fasilite kominote pou langaj (CLFs) pou amelyore kominikasyon patisipasyon ant paran/lekòl la. Fasilite Kominote pou Langaj yo disponib pou sèvi chak lekòl ki gen 15 elèv ELL oswa plis ki pale menm lang natif natal chak fwa sa posib. Gen Estaf bileng nan distri a ki disponib pou asiste lekòl ki gen pi piti pase 15 elèv ELL ki pale menm lang chak fwa sa posib.

Kominikasyon nan lang prensipal paran/responsab yo akonpli avèk ed fasilite kominote pou lang, estaf bileng lekòl/distri a, tradiktè distri yo, entèpretasyon nan telefòn ak sèvis tradiksyon pa entènèt. Depatman Edikasyon Miltikiltirèl te tradui tou fòm lekòl yo ak lèt yo an Panyòl, Kreyòl Ayisyen, ak Pòtigè. Genyen tradiktè Panyòl, Kreyòl Ayisyen ak Pòtigè ki disponib nan nivo distri a pou asiste lekòl ak depatman yo nan tradiksyon dokiman, regleman, manyèl, sèvis korespondans pou elèv, korespondans legal, relvednòt, kalandriye lekòl, fòm enskripsyon, ak lòt enfòmasyon nesese yo itize nan tout distri a. Tradiktè distri yo ofri tou asistans nan lang pou fanmi minorite ki fè biznis lekòl nan sant administratif distri a. Gen reyinyon ki fèt avèk panyòl, ak ayisyen reprezantan medya ak lòt òganizasyon kominote kiltirèl, legliz, ajans, ak biznis pou diskite sou pwoblèm yo kapab chèche rezoud kolaborativman epi distribye nan kominote a.

Pou Elèv k ap aprann Lang Anglè ki gen yon andikap, lekòl yo travay an kolaborasyon ak Depatman Edikasyon pou Elèv Espesyal pou asire objektif akademik yo atenn atravè sèvis pwogram yo bay yo.

Dekri aktivite kominotè ki enfòmè paran sou fason yo kapab patisipe nan edikasyon pitit yo ak fason yo kapab asiste pitit yo pou aprann Anglè epi satisfè estanda akademik eta a.

Depatman Edikasyon Miltikiltirèl anplwaye yon espesyalis ki itilize rechèch ak done ki pi kouran yo pou bay lekòl yo, paran/responsab yo, ak òganizasyon kominotè yo pwogram espesyal ki ankouraje patisipasyon paran ak kominotè. Gen pwogram sa yo nan chak lekòl, kominote oswa òganizasyon legliz yo epi atravè lekòl ak òganizasyon paran distri a. Patipasyon paran nan Konsèy Lidèchip Paran(yo) resevwa fòmasyon ak oryantasyon konsènan pwogram ELL distri a epi kontwole pwosedi yo. Yo ankouraje paran/responsab ELL yo patisipe nan Komite Konsèy Lekòl la (SAC), Konsèy Lidèchip Paran yo, Sware pou Patipasyon Paran, ak lòt komite nan lekòl/distri a. Yo avize paran/responsab sou aktivite k ap fèt alavni, lè sa posib, ak resevwa sèvis entèpretasyon nan lang yo pale lakay/natif natal nan aktivite sa yo, lè sa posib.

Tcheke kominikasyon ant lakay ak lekòl la LEA oswa lekòl la voye bay paran oswa responsab elèv ELL ki nan yon lang paran oswa responsab kapab konprann. (Tcheke tout sa ki aplikab. Tanpri bay lyen pou tout bwat ki tcheke yo.):

Rezilta evalyasyon konpetans nan lang

[Notification of English Language Program Continuation-EN](#)

[Notification of English Language Program Continuation SP](#)

[Notification of English Language Program Continuation HC](#)

[Notification of English Language Program Continuation PO](#)

Plasman nan pwogram

[Notification of Program Placement EN](#)

[Notification of Program Placement SP](#)

[Notification of Program Participation HC](#)

[Notification of Program Placement PO](#)

Fason yo bay modèl pwogram yo

[Notification of Program Placement EN](#)

[Notification of Program Placement SP](#)

[Notification of Program Participation HC](#)

[Notification of Program Placement PO](#)

[Notification of English Language Program Continuation-EN](#)

[Notification of English Language Program Continuation SP](#)

[Notification of English Language Program Continuation HC](#)

[Notification of English Language Program Continuation PO](#)

Ekstansyon ansèyman ESOL

[Notification of English Language Program Exit-EN](#)

[Notification of English Language Program Exit-SP](#)

[Notification of English Language Program Exit-HC](#)

[Notification of English Language Program Exit-PO](#)

Soti nan pwogram ESOL

[Notification of English Language Program Exit-EN](#)

[Notification of English Language Program Exit-SP](#)

[Notification of English Language Program Exit-HC](#)

[Notification of English Language Program Exit-PO](#)

Reklaman-Apre pou Kontwole ansyen elèv ELL

[LF 1st Post Exit Monitoring Form](#)

[LF 2nd Post Exit Monitoring Form](#)

[LF 3rd Post Exit Monitoring Form](#)

[LF 4th Post Exit Monitoring Form \(Exited by ELL Committee\)](#)

[LF 4th Post Exit Monitoring-Form \(Auto-Exited\)](#)

Reklaman ansyen elèv ELL

[ELL Committee Meeting Parent-Guardian Invitation Letter-EN](#)

[ELL Committee Meeting Parent-Guardian Invitation Letter-SP](#)

[ELL Committee Meeting Parent-Guardian Invitation Letter-HC](#)

[ELL Committee Meeting Parent-Guardian Invitation Letter-PO](#)

[ELL Committee Meeting Report](#)

Tès LEA ak/oswa Eta a

https://www.palmbeachschools.org/students_parents/student_testing/access_for_ells_paper

Akomodasyon pou tès (dispozisyon fleksib)

<https://www2.palmbeachschools.org/formssearch/pdf/1939.pdf>

<https://www2.palmbeachschools.org/formssearch/pdf/1939CR.pdf>

<https://www2.palmbeachschools.org/formssearch/pdf/1939PO.pdf>

<https://www2.palmbeachschools.org/formssearch/pdf/1939SP.pdf>

Tès anyèl pou devlopman langaj

[https://www.palmbeachschools.org/students_parents/student_testing/access_for_ells_p
aper](https://www.palmbeachschools.org/students_parents/student_testing/access_for_ells_p aper)

- Ogmantasyon nan kompetans langaj (Koute, Pale, Lekti, Ekri)
- Egzanpsyon FSA nan ELA pou ELL ki gen *DEUSS* mwens pase yon ane

Retni/Remedyasyon/Bon Koz

<https://www2.palmbeachschools.org/formssearch/pdf/2182.pdf>

<https://www2.palmbeachschools.org/formssearch/pdf/2183.pdf>

<https://www2.palmbeachschools.org/formssearch/pdf/2184.pdf>

<https://www2.palmbeachschools.org/formssearch/pdf/2185.pdf>

<https://www2.palmbeachschools.org/formssearch/pdf/2186.pdf>

<https://www2.palmbeachschools.org/formssearch/pdf/2187.pdf>

Tranzisyon pou ale nan klas regilye oswa chanje matyè

Envitasyon pou patisipe nan Reyinyon Komite ELL

[ELL Committee Meeting Parent-Guardian Invitation Letter-EN](#)

[ELL Committee Meeting Parent-Guardian Invitation Letter-SP](#)

[ELL Committee Meeting Parent-Guardian Invitation Letter-HC](#)

[ELL Committee Meeting Parent-Guardian Invitation Letter-PO](#)

Envitasyon pou patisipe nan Konsèy Lidèchip pou Paran (PLC)

[Invitation to Participate in PLC - EN](#)

[Invitation to Participate in PLC - SP](#)

[Invitation to Participate in PLC - HC](#)

[Invitation to Participate in PLC - PO](#)

Pwogram espesyal tankou Elèv ki “Gifted” (entèlijan anpil), ESE, Plasman Avanse, Anwolman nan De Pwogram, Pre-K, Edikasyon Teknik ak Karyè, lekòl semi-piblik, aktivite pou sipòte elèv

<https://www.palmbeachschools.org/studentpars>

Repa gratis/pri redui

<https://www.myschoolapps.com/Application>

- Opsyon chwa pou paran, kondisyon pou amelyorasyon lekòl, ak avis sou pwofesè ki pap anseye nan domèn ekspètiz li

<https://www.palmbeachschools.org/studentsparents/school-choice/overview>

[Reporting of Out-Of-Field Teachers To Parent /Guardian](#)

- Fòm enskripsyon ak kondisyon

<https://www.palmbeachschools.org/studentsparents/student-registration>

- Fòm disiplin

<https://www2.palmbeachschools.org/formssearch/pdf/0279.pdf>

<https://www2.palmbeachschools.org/formssearch/pdf/0279CR.pdf>

<https://www2.palmbeachschools.org/formssearch/pdf/0279PO.pdf>

<https://www2.palmbeachschools.org/formssearch/pdf/0279SP.pdf>

- Enfòmasyon sou Estanda Florid ak Estanda pou Devlopman nan Lang Anglè (ELD)

<https://www.palmbeachschools.org/studentsparents/esol-english-for-speakers-of-other-languages>

- Enfòmasyon sou sèvis kominotè ki disponib pou paran

<https://www.palmbeachschools.org/students-parents> (Resous Kominotè)

- Enfòmasyon sou opòtinite pou patisipasyon paran (volontarya, PTA/PTO, SAC)

<https://www.palmbeachschools.org/students-parents> (Vin patisipe)

- Kanè*

[Sample Report Cards and Progress Reports](#)

- Lòt bagay (Espesifye) [Multilingual Report Cards/Progress Reports](#)

* Si kanè yo pa disponib nan lòt lang, tanpri dekri kòman yo te kominike pwogrè akademik yon elèv ELL bay paran/responsab yo.

Yo distribye kanè ann Anglè, Panyòl, Kreyòl Ayisyen ak Pòtigè. Estaf bileng ki nan lekòl ak/oswa sèvis entèpretasyon ki fèt nan telefòn, disponib pou kominike avèk paran/responsab ki pale yon lang ki diferan ak sa k nan kanè a.

Seksyon 9: Konsèy sou Lidèchip Paran (Règleman 6A-6.0904, F.A.C.)

Ki kalite Konsèy sou Lidèchip Paran (PLC) ki gen nan LEA? (Tcheke tout sa ki aplikab. Tanpri bay lyen sou reyinyon ak ajanda manb yo.)

- Nivo LEA
- Nivo Lekòl la

Tanpri pale sou fonksyon ak konpozisyon PLC:

Objektif *Parent Leadership Council* (PLC) se fasilite relasyon paran ELL yo avèk estaf lekòl la ak sèvis ki disponib nan chak lekòl; bay paran ELL yo opòtinite pou jwe yon wòl aktif nan desizyon ki afekte edikasyon pitit yo epi konsilte avèk Estaf lekòl la epi bay opinyon sou objektif ki gen rapò ak pwogram nan. PLC Distri a konpoze avèk majorite paran ansyen ak aktyèl elèv ELL yo ansanm avèk pwofesè klas, espesyalis kourikoulòm ak pwofesè resous pou ESOL. Yo envite tou lidè kominotè ak pòtpawòl pou ELL yo patisipe kòm manb. Manb konsèy yo jwenn enfòmasyon sou plizyè òganizasyon, komite, ak volontè sou opòtinite ki disponib nan lekòl la pou kapab ankouraje plis patisipasyon aktif ak ekipe yo pou rekrite paran lòt lang minoritè yo. PLC Distri a fè rekòmandasyon pou plan ELL Distri a epi revize regleman ki enpòtan nan pwosesis pou apwobasyon an.

PLC “konpoze an majorite ak paran elèv ki limite nan Anglè.” Si PLC nan LEA pa satisfè kritè sa a, eksplike poukisa, kilè y ap tann konfòmite ak regleman sa a.

PA/APLIKAB

Kòman LEA enplike PLC nan lòt komite LEA yo?

Distri Lekòl Rejyon Palm Beach enplike PLC nan enfòm ak ankouraje yo pou fè pati nan komite yo ni nan nivo Distri a ak nan lekòl yo. Komite Distri yo enkli men li pa limite ak Plan Komite ELL Distri a, Komite pou Zòn lekòl yo, ak Komite pou Kalandriye Lekòl. Anplis, yo edike yo sou komite ki disponib nan lekòl la, tankou Ekip Konseye Lekòl la, PTA ak PTO, ak plizyè opòtinite pou fè volontè.

Kòman LEA PLC entegre nan devlopman Plan ELL Distri a?

LEA PLC bay opinyon li diran devlopman Plan ELL ak revize Plan ELL final Distri a nan yon reyinyon PLC yo pwograme. Genyen entèprèt ki disponib pou ofri asistans ak klarifikasyon nan lang. Manb PLC yo kapab mande yon vèsyon elektwonik plan an si yo pa kapab vini nan reyinyon an. Nou ankouraje patisipasyon paran yo epi y ap prezante yo nan reyinyon k ap fèt apre yo si se nesesè. Lè manb PLC yo fin konplete revizyon an, Direktè a siyen ak apwouve Plan ELL Distri a.

Èske LEA PLC apwouve Plan ELL Distri a? Wi Non

Si non, tanpri bay eksplikasyon pou non-apwobasyon PLC a.

Sektyon 10: Fòmasyon Estaf (Règleman 6A-6.0907 and 6A-1.0503, F.A.C.)

Dekri kòman pwofesè Kategori 1 ki responsab pou komunikasyon Anglè Oral/Ekri ak ansèyman lekti entansif elèv ELL yo dwe gen andòsman/sètifika ESOL, resevwa fòmasyon obligatwa ak lòt opòtinite. Enkli moun ki responsab pou bay sètifika epi fason yo dokimante pwosesis la.

Chak ane, yo fè pwofesè yo konnen si yo pa satisfè egzijans konfòmite ESOL pou pozisyon ansèyman yo ye kounye a. Sistèm Enfòmasyon Elèv Distri a (SIS) kontwole orè elèv yo, estati ELL elèv la, ak dosye pwofesè ESOL an sèvis ki asiye an. Si yon pwofesè gen yon ELL epi li pa gen sètifika ESOL ki apwopriye, Depatman Sètifikasyon an voye yon imèl pou di l li pa konfòm. Yo voye yon imèl bay pwofesè a pou fè l konnen li pa kalifye nan domèn nan, epi yo voye imèl bay direktè/tris ak Dirijan Lekòl yo pou fè yo konnen tou li pa kalifye nan domèn nan.

Anplis, anplwaye Sètifikasyon Distri a kontwole pwogrè pwofesè distri a pou yo ranpli egzijans fòmasyon ki tabli nan Dekrè Konsantman an. Distri a ofri opòtinite nan sèvis pou pwofesè ki bezwen travay konfòmite ESOL. Kou ESOL yo ofri ki disponib yo enkli:

- Metòd Ansèyman ESOL
- Lengwistik Aplike
- Tès ak Evalyasyon ESOL
- Kourikoulòm ak Materyèl ESOL
- Kominikasyon Entè-Kiltirèl

Yo bay patisipan yo “*in-service*” regilyèman gratis. Depatman Devlopman Pwofesyonèl ak Depatman Miltikiltirèl kenbe dosye konpozan “*in-service*” yo ak tèminalyon kou kolèj nan sistèm baz done “*in-service*” Distri a.

Pwofesè yo resevwa kredi pou fòmasyon “*in-service*” ESOL nan lòt distri lekòl Florid lè yon OTE 206 fòm ki soti nan otorite apwopriye yo verifye fòmasyon an. Pwofesè yo resevwa kredi pou fòmasyon ESOL nan inivèsite oswa kolèj lè yo bay relvenòt ofisyèl kolèj oswa inivèsite pou dokimantasyon. Pwofesè yo resevwa kredi tou pou kou andòsman ESOL yo pran atravè enstiti devlopman pwofesyonèl ekstèn lè yo soumèt dokiman ki nesèsè yo. Depatman Resous Imèn Distri a anrejistre ak achiv relvenòt yo.

Dekri kòman yo enfòme pwofesè ki anseye matematik, syans, syans sosyal ak konpitè sou ESOL obligatwa (60 èdtan) ak lòt opòtinite. Enkli moun ki responsab pou bay notifikasyon ak kijan pwosesis la dokimante.

Chak ane, yo fè pwofesè yo konnen si yo pa satisfè egzijans konfòmite ESOL pou pozisyon ansèyman yo ye kounye a. Sistèm Enfòmasyon Elèv Distri a (SIS) kontwole orè elèv yo, estati ELL elèv la, ak dosye pwofesè ESOL an sèvis ki asiye an. Si yon pwofesè gen yon ELL epi li pa gen sètifika ESOL ki apwopriye, Depatman Sètifikasyon an voye yon imèl pou di l li pa konfòm. Yo voye yon imèl bay pwofesè a pou fè l konnen

li pa kalifye nan domèn nan, epi yo voye imèl bay direktè/tris ak Dirijan Lekòl yo pou fè yo konnen tou li pa kalifye nan domèn nan.

Pwofesè yo resevwa kredi pou fòmasyon “in-service” ESOL nan lòt distri lekòl Florid lè yon OTE 206 fòm ki soti nan otorite apwopriye yo verifye fòmasyon an. Pwofesè yo resevwa kredi pou fòmasyon ESOL nan inivèsite oswa kolèj lè yo bay relve nòt ofisyèl kolèj oswa inivèsite pou dokimantasyon. Depatman Resous Imèn Distri a anrejistre ak achiv relve nòt yo.

Dekri kòman yo avize tout lòt pwofesè konsènan kondisyon pou fòmasyon nan ESOL (18 èdtan) ak lòt opòtinite. Enkli moun ki responsab pou bay notifikasyon an epi kòman yo dokimante pwosesis la.

Yo enfòme pwofesè yo chak ane si yo pa satisfè kondisyon konfòmite ESOL pou pozisyon y ap anseye kounye a. Sistèm Enfòmasyon Elèv Distri a *District's Student Information System (SIS)* kontwole orè elèv yo, kondisyon ELL elèv la, ak dosye pwofesè ESOL an sèvis ki asiyen an. Si yon pwofesè gen yon ELL epi li pa gen pwòp kouvèti ESOL la, *Department of Certification* voye yon imèl pou di pwofesè a pa konfòm. Yo fè pwofesè a konnen pa imel li pa nan domèn li, epi Direktè yo ak Komite Dirijan Lekòl la resevwa enfòmasyon tou sou sitiyasyon pwofesè ki pa nan domèn li.

Anplis, estaf Depatman Depatman Miltikiltirèl la siveye pwogrè pwofesè distri yo pou fè sèten yo konplete fòmasyon obligatwa Dekrè Akò yo a te tabli. Distri a bay pwofesè ki bezwen konfòme yo ak travay ESOL opòtinite pou gen “*in-service points*”. Yo bay patisipan yo “in-service point” regilyèman gratis. Depatman Devlopman Pwofesyonèl ak Depatman Miltikiltirèl kenbe rapò nan pati “*in-service*” ak tèminasyon kou kolèj nan baz done “*in-service* Distri a.

Pwofesè yo resevwa kredi pou fòmasyon “in-service” ESOL nan lòt Distri lekòl Florid la lè otorite ki konsène yo verifye fòmasyon yon fòm OTE 206. Pwofesè yo resevwa kredi pou fòmasyon ESOL nan inivèsite oswa kolèj lè yo bay transkrip ofisyèl inivèsite oswa kolèj yo mande yo. Depatman Resous Imèn Distri a anrejistre ak klase transkrip yo.

Dekri pwosedi yo itilize lè yo rapòte pwofesè kategori I an pa kalifye ankò. Enkli pwosedi sou konfòmite lè yo reklame FTE 130 yo kòm kou debaz.

Depi nan kòmansman anplwa, yo bay pwofesè ki nan ESOL Kategori 1 yo enfòmasyon sou direksyon pou vin kalifye; sa enkli obligasyon fòmasyon ak dat limit. Yo mande lekòl yo pou yo fè rechèch andeyò domèn yo pou idantifye tout pwofesè ki pa kalifye ankò. Yo voye lèt Notifikasyon Paran, vèsyon elektwonik ak tout direksyon, ki ekri ann Anglè, Espanyòl, Pòtigè, ak Kreyòl bay lekòl yo, pou bay elèv ki gen pwofesè ki p ap anseye nan domèn yo pote lakay yo nan vandredi avan semèn FTE a (Sondaj 2 ak 3). Komite Dirijan Distri Lekòl yo apwouve pou pwofesè k ap anseye andeyò domèn yo anseye avan FTE oktòb ak fevriye a.

Yo konsidere pwofesè kategori I yo kòm pwofesè ki p ap anseye nan domèn yo jiskaske yo ranpli kondisyon pou andòsman ESOL oswa sètifika. Depi yo fin mande yo pou yo gen ELL, pwofesè Kategori I yo dwe konplete 60 èdtan fòmasyon ESOL nan yon espas dezan epi omwen 60 èdtan fòmasyon ESOL chak ane konsekativman jiskaske andòsman ESOL la konplete kèlkeswa pozisyon yo nan ELL. Yo dwe ajoute andòsman ESOL la sou sètifika ansèyman ki deja egziste a. Pwofesè ki ranpli kondisyon sa yo konsidere kòm moun ki kalifye, epi yo kapab reklame yo genyen FTE 130 la.

Tout pwofesè yo dwe dokimante yo itilize estrateji ESOL pandan planifikasyon ansèyman ak livrezon pou asire ansèyman konpreyansif.

Dekri kòman LEA ofri 60 èdtan fòmasyon ESOL pou administratè ki nan lekòl yo epi sistèm siveyans LEA ki pral aplike.

Distri a ofri yon pati ESOL pou administratè yo pou yo kab ranpli kondisyon fòmasyon yo. Eleman sa yo konsantre sou Dekrè Konsantman, plan ELL Distri a, modèl livrezon pedagogik, kritè pou evalye ansèyman konpreyansif nan klas, ak Edikasyon Miltikiltirèl. Yo ofri pati ESOL la atravè “*in-service*”.

Depatman Pwofesyonèl Devlopman ak Edikasyon Miltikiltirèl kenbe enfòmasyon sou “*in-service*” epi kou kolèj ki konplete nan sistèm enfòmasyon Distri a.

Dekri kòman LEA ofri 60 èdtan ESOL obligatwa bay Konseye Akademik yo, epi sistèm siveyans LEA.

Distri a ofri Konseye akademik yo yon eleman ESOL pou yo kapab konplete fòmasyon obligatwa a. Konpozan an konsantre sou Dekrè Konsantman an, Plan ELL Distri a, modèl pedagogik, kritè pou evalye ansèyman konpreyansif nan klas, epi Edikasyon Miltikiltirèl. Yo ofri eleman ESOL la atravè “*in-service*”.

Depatman Devlopman Pwofesyonèl ak Edikasyon Miltikiltirèl kenbe enfòmasyon sou “*in-service*” ak kou kolèj ki fini nan sistèm done Distri a.

Dekri devlopman pwofesyonèl sipleman LEA ofri pou fè sèten yo enfòm estaf edikatif la sou estanda Devlopman Lang Anglè ak mechè Pratik.

. LEA ofri lòt opòtinite devlopman pwofesyonèl sipleman ki konsantre sou pwèn sa yo: fè ansèyman an konpreyansif pou ELLs,

akizisyon dezyèm lang ansèyman, nan de lang, sipò pou lang natif natal ak rekonesans kiltirèl. Y ap ofri opòtinite sa yo bay Estaf anseyan ak Estaf sipò pandan tout ane a nan plizyè kalite seminè, nan lekòl ak pandan fòmasyon granvakans, osibyen sou demann nan pòtay elektwonik anplwaye yo. Suivi sou aktivite yo enkli nan chak fòmasyon sa yo pou asire transfè abiltè ak konesans nan klas. Opòtinite fòmasyon sa yo depase fòmasyon obligatwa nan ESOL la.

Si yo anseye nan yon lang ki pa Anglè, dekri pwosedi yo itilize pou evalye konpetans pwofesè a nan lòt lang nan ak nan Anglè.

Profesè ki anseye nan yon lang ki pa Anglè dwe gen yon sètifika ki apwopriye, jan Distri a ak Eta a mande, pou popilasyon ak matyè y ap anseye a. Anplis, pwofesè k ap anseye nan lang yo vize a dwe demontre konpetans oral ak ekri nan lang y ap anseye a. Pou yo kapab kalifye, pwofesè yo dwe pase tèst evalyasyon Depatman Edikasyon Miltikiltirèl administre a.

Yo mande lekòl ki gen 15 oswa plis elèv ELL ki pale yon menm lang etranjè pou gen yon parapwofesyonèl oswa pwofesè bileng. LEA mande parapwofesyonèl bileng yo pou presize kalifikasyon yo, eksplike deskripsyon djòb parapwofesyonèl bileng nan, epi ki se premye travay li.

Parapwofesyonèl Bileng (yo konnen kòm “Community Language Facilitators” (Fasilitatè Lang Kominotè) ede pwofesè regilye yo ak pwofesè ESOL yo nan anseyèman elèv ELL yo. Yo pa mete yo pou travay ak elèv ki pa ELL. Kalifikasyon ak responsablite yo enkli:

KALIFIKASYON:

1. Diplòm Fen Etid Segondè oswa Ekivalan AK nòt pasaj Tès Evalyasyon ParaPro; OSWA swasant (60) kredi kolèj oswa plis.
2. Te demontre konpetans nan kominikasyon oral/ekri epi nan lang popilasyon yo pral ede a tou.
3. Eksperyans nan travay avèk ajans kominotè ak òganizasyon ki nan kominote yo vize a.
4. Te demontre abilte nan travay pozitivman avèk gwoup elèv ak paran ki gen divèsite kiltirèl.
5. Abilte pou òganize ak planifye byen.
6. Abilte pou kenbe yon orè travay ki fleksib.

REPONSABLITE SOU PÈFÒMANS

Fonksyon Esansyèl:

1. Ede elèv k ap aprann Anglè yo endividyèlman ak nan ansèyman an tigwoup anba sipèvizyon dirèk pwofesè (yo) k ap anseye a.
2. Ede pwofesè ak administratè yo nan reyalizasyon objektif pwogram ESOL la ak obligasyon yo.
3. Tradui dokiman nan lang natif natal popilasyon y ap ede a.
4. Sèvi kòm entèprèt nan kominikasyon lekòl avèk paran, elèv, epi manm kominote yo.
5. Sèvi kòm yon defansè pou elèv ak paran nan popilasyon y ap ede a.
6. Patisipe nan devlopman estrateji pou ogmante reyisit akademik elèv ki nan popilasyon y ap ede a.
7. Fè vizit lakay moun ki nan kominote yo.
8. Kenbe yon lis referans pou sèvis nan popilasyon y ap ede a.
9. Patisipe nan aktivite devlopman estaf pou ESOL

Dekri pwosedi LEA pou fòmè parapwofesyonèl bileng nan ESOL oswa estrateji lang natif natal. Enkli fason pou kenbe dokimantasyon sou fòmasyon an.

Depatman Edikasyon Miltikiltirèl Distri Lekòl Rejyon Palm Beach la ofri fasilite nan lang kominotè (CLFs) yo opòtinite pou pran fòmasyon. Fòmasyon yo kapab konsantre sou devlope estrateji sipò edikatif ESOL pou ansèyman matyè debaz, pwoblèm konfòmite nan ESOL, pwoblèm legal elèv ELL ak fanmi yo genyen, devlopman abilite nan tradiksyon/entèpretasyon, ak defann fanmi. Fòmasyon pou parapwofesyonèl sa yo enkli itilizasyon estrateji nan lang natif natal pou ede elèv ELL yo nan matyè y ap etidye (matematik, syans, syans sosyal, ak syans òdinatè) epi kou elektif. Yo kenbe dokimantasyon fòmasyon yo atravè papye yo siyen ak nan ajanda yo.

Dekri pwosedi pou detèmine konpetans parapwofesyonèl bileng nan Anglè ak lang eritaj elèv y ap ede yo.

Yo detèmine konpetans parapwofesyonèl bileng (CLF's) la atravè tès evalyasyon alekri ak aloral estaf bileng distri a bay. Tès evalyasyon an konsantre sou travay CLF la pral fè a epi li mande pou yo tradui ak entèprete nan toude lang yo, ni nan Anglè, ni nan lang kominote y ap ede yo.

Tanpri, bay yon lèt konfimasyon sipèentandan distri a bay ki montre distri a konfòm ak tout kondisyon fòmasyon ESOL.

Gen yon Lèt Asirans ki atache nan fen dokiman sa a.

Seksyonon 11: Ekstansyon Sèvis yo (Règleman 6A-6.09022, F.A.C.)

Dekri pwosedi LEA te itilize pou detèmine ekstansyon sèvis yo, enkli dat limit ki baze sou DEUSS. Eksplike wòl komite ELL la ak ki dokiman sipò yo itilize pou detèmine si kontinyasyon sèvis ESOL yo nesèsè.

Elèv yo kalifye pou resevwa ekstansyon pwogram sèvis ESOL aprè twazyèm ane epi chak ane aprè, jiskaske yo kalifye kòm elèv ki gen konpetans nan Anglè. Elèv ELL ki nan ESOL pandan twa ane oswa plis, baze sou dat DEUSS, dwe reevalye, chak ane pou detèmine si yo toujou bezwen sèvis pwogram ESOL la. Tès reevalyasyon an pa dwe fèt pita pase trant (30) jou lekòl avan dat anivèsè DEUSS elèv la epi li kouvri tout kat domèn enpòtan yo tankou tande, pale, li, ak ekri. Si dat nesans timoun nan tonbe ant lè piblikasyon rezilta evalyasyon konpetans nan lang Anglè a ak nòt evalyasyon jeneral ki aplikab pou tout eta a epi 1^{ye} oktòb nan ane suivan an, nòt evalyasyon konpetans jeneral nan lang Anglè elèv la ap sifi, epi li p ap bezwen yon lòt evalyasyon ki pi resan.

Premye reyinyon Reevalyasyon sa a dwe fèt nan dat oswa pa pi ta pase 30 jou avan 3^{yèm} anivèsè DEUSS la, amwenske dat anivèsè nesans elèv la tonbe nan espas de (2)

premye semèn nan nenpòt ane akademik. Alò, komite ELL la kapab reyini, pa pita pase 1^{ye} oktòb. Reevalyasyon yo fèt chak ane apres. Bezwen pou pwolonjman sèvis sa yo baze sou revizyon kritè sa yo:

- Evalyasyon Konpetans nan Lang Anglè
- Rekòmandasyon Pwofesè/Komite ELL
- Lòt done akademik ak langaj oral ki enpòtan

Pwosedi yo suiv lè y ap detèmine ekstansyon sèvis yo se:

- a) ELL Komite ELL revize kanè, pòtfolyo elèv, akonplisman nan Estanda Florid, pèfòmans nan tès evalyasyon distri/eta a, opinyon paran/pwofesè, kantite ane elèv la gen nan pwogram ESOL la, epi konpetans li nan lang nan.
- b) ELL Komite ELL la kab detèmine pou elèv la kontinye nan pwogram regilye a.
- c) Komite ELL la kab detèmine pou rekòmande elèv la pou lòt evalyasyon.
- d) Komite ELL la kab detèmine elèv la bezwen pwolonje sèvis la.
- e) Kontak ESOL ki nan lekòl la/kowòdonatè/tris oswa moun li deziye responsab pou ekri enfòmasyon konsènan detèminasyon nan sistèm ki gen enfòmasyon elèv la.

Tès Evalyasyon Konpetans pou Tande ak Pale

Bay List Tès Evalyasyon pou Tande ak Pale yo itilize nan LEA pou detèmine si elèv la pa konpetan nan Anglè pou sèvis li kab pwolonje.

- ACCESS for ELLs
- LAS Links
- WIDA Screener

Tès Evalyasyon konpetans nan Lektik ak Ekritik

Bay List Tès Evalyasyon pou Lektik ak Ekritik yo itilize nan LEA pou detèmine si elèv la pa konpetan nan Anglè pou sèvis li kab pwolonje.

- ACCESS for ELLs
- LAS Links
- WIDA Screener
- FAST ELA
- SAT (Grades 10-12 only)
- ACT (Grades 10-12 only)
- CLT (Grades 10-12 only)